ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№29 (24.935) • 2026 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 11, бэрэжьей • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэм къызэритамкІэ

Зэдэгуэшащ я мурадхэмрэ хъуэпсапІэхэмкІэ

ЦІыхубзхэм я дунейпсо махуэм и пэ къихуэу КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек яІущІащ дзэ Іуэху хэхам хэтхэм я анэхэм, щэнхабзэ, узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ ІэнатІэхэм, жылагъуэ зэхухьэныгъэхэм я лІыкІуэ бзылъхугъэхэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ Хэкур зыхъумэ зауэлІхэм я унагъуэхэм я комитетым и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Алимовэ Аллэ; къалэ поликлиникэ №3-м и медсестра нэхъыжь, Херсон областым и Скадовскэ сымаджэщ нэхъыщхьэм зи къалэн щызыгъэзащІэу щылэжьа Ало Жаннэ; «Анэ-лІыхъужь» цІэ лъапІэр зыхуагъэфэща, бынипщІ зыпІ, СВО-м зэгурыІуэныгъэкІэ кІуа щІалэм и анэ Ахматовэ Анджелэ; КъБР-м Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ и уполномоченнэ Бэдракъ Іэминэ; Хэкур яхъумэурэ лІыхъужьу хэкІуэда щІалитІым я анэ БешкІур Лилие; уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ Гъэсашэ Наталье; КъБР-м и ЦІыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ, УФ-м щІыхь зиІэ и дохутыр Къаскъул Іэулият; социальнэ лэжьакІуэ, зи къуэ СВО-м дзэ къулыкъур щезыхьэкІ Кудрявцевэ Людмилэ; КъБР-м СпортымкІэ и министерствэм зи узыншагъэм сэкъат иІэхэм я спорт еджапІэм и тренер Кулюшинэ Наталье; Налшык къалэ дэт курыт еджапІэ №20-м балъкъэрыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ Соттаевэ Лидие.

Къызэхуэсахэм защыхуигъазэм КІуэкІуэ Казбек жиІащ:

- Фэри Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу цІыхубз псоми фІыщІэ фхуэсщІыну сыхуейщ. Нобэ къэралым гулъытэшхуэ щыхуащІ дзэ Іуэху хэхам ехьэлІа къалэнхэм. Щхьэщэ яхудощІ пщІэ зыхуэфащэ щІалэфІхэм я анэхэм, ди жагъуэ зэрыхъущи, къэзымыгъэзэжа лІыхъужьхэр зыгъэсахэм. Абыхэм я фэеплъыр дэ сыт щыгъуи ди гум илъынущ, къэралым и тхыдэм къыхэнэнущ, я щапхъэм щІалэгъуалэр щІапІыкІынущ. Дэ тхузэфІэкІ къэдгъэнэнукъым абыхэм я фэеплъыр илъэс куэдкІэ хъума хъун папщІэ. КъимыдэкІэ, щхьэщэ яхудощІ ди зауэлІхэм япэплъэ анэхэм, щхьэгъусэхэм. Ди щІалэхэм, я узыншагъэ емыблэжу, махуэ къэс хахуагъэ къагъэлъагъуэ, ди къэралыр зыуэ щытыныр, апхуэдэу щыхъукІэ - ди щІэблэм я къэкІуэнур къызэрагъэпэщ. ФІыщІэ псалъэхэр яжызоІэ узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІ бзылъхугъэхэм. Къыхэгъэщыни хуейщ, къэралым абыхэм я пщэм къыдилъхьа къалэнхэр гъэзэщІэным жэуаплыныгъэ нэхъыбэ яхэлъу зэрыбгъэдыхьэр. Сынывохъуэхъу фи Іыхьлыхэм я хуабагъэ, я гулъытэ фыщымыщІэу фыпсэуну.

ЗэІущІэм зи чэзу къалэн куэдым щытепсэлъыхьащ, СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ защІэгъэкъуэным, сабийхэр хъумэным, граждан жылагъуэр зэфІэгъэувэным, узыншагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьыным ехьэлІахэри яхэту.

Зи щІалэхэр СВО-м хэкІуэда БешкІур Лилие и гугъу ищІащ муниципалитетымрэ «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондым и къудамэмрэ я унагъуэм зэрызыщІагъакъуэм. Абы жиІащ: «Фи дэІэпыкъуныгъэм ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, ар ди щІалэхэм зыкъытщІагъакъуэ, гулъытэ къыт- хуащІ хуэдэу къытщохъу».

Абы КІуэкІуэ Казбек жриІащ, апхуэдэ хэщІыныгъэр зэрибгъэкъужын зыри зэрыщымыІэр, ауэ «гуапэу яхущытын» папщІэ ялъэкІ къызэрамыгъэнэнур: «Фэ лІыхъужьхэр вгъэсащ икІи ахэр ди гум илъыху, я гугъу тщІыху - ахэр псэу пэлъытэщ».

Хэкур зыхъумэ зауэлІхэм я унагъуэхэм я комитетым и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Алимовэ Аллэ жиІащ Запорожскэ областым иджыблагъэ къызэрикІыжар, жылагъуэ зэгухьэныгъэм щыщхэм зауэлІхэр зыхуэныкъуэхэр зэрыхуашар. Абы гу лъаригъэтащ республикэр и щІалэхэм дэІэпыкъуэгъушхуэ зэрахуэхъур икІи ар фІыщІэ ищІащ. КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ а псалъэхэр псом япэу хьэрычэтыщІэ ІэнатІэм хэтхэм зэрахуэгъэзапхъэр, жэрдэмыр абыхэм къазэрыбгъэдэкІыр. Абы Хэкур зыхъумэ зауэлІхэм я унагъуэхэм я комитетым фІыщІэ яхуищІащ я псапащІэ Іуэхухэм папщІэ.

КъБР-м и ЦІыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Къаскъул Іэулият арэзы техъуэу къыхигъэщащ егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн ІэнатІэхэм зэхъуэкІыныгъэфІхэр къызэрыщыхъур. Республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэхукІащ ахэр псори Урысейм и Президент Путин Владимир къыхилъхьа лъэпкъ проектышхуэхэм республикэр жыджэру зэрыхэтым къызэрырикІуар.

КъБР-м Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ и уполномоченнэ Бэдракъ Іэминэ къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ илъэс кІуам зэрылэжьам къърикІуахэм икІи абы КІуэкІуэ Казбек фІыщІэ хуищІащ къыхалъхьэ Іуэхухэр къазэрыдиІыгъым папщІэ:

- Львовэ-Беловэ Марие ди щІыналъэм щызэфІэдгъэкІхэм икъукІэ пщІэшхуэ къыхуищІащ. ЖиІащ мы илъэсым дэ зеиншэхэм я бжыгъэм хэмыгъэхъуэным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ зэредгъэкІуэкІар. Ахэр зи фІыгъэр къыхэтлъхьа жэрдэм псори къызэрыддэфІыгъарщ. Дэ сабийхэр къыщалъхуа я унагъуэхэм щапІыжыным дытолажьэ. Ди интернатхэм сабийуэ щаІыгъхэр дгъэмэщІащ, Нартан интернатым зеиншэу щыІэжыр цІыкІу 65-рэ къудейщ. Сабий зеиншэхэм я процент 90-р унагъуэхэм ящтауэ щапІ. Зи узыншагъэкІэ сэкъат зиІэ цІыкІухэм я адэ-анэхэм къабгъэдэкІыу фІыщІэ фхузощІ апхуэдэ сабийхэм папщІэ центр къызэрызэвгъэпэщам щхьэкІэ. Нэгум къыщІэгъэхьэгъуейщ я сабийхэм къыщеІэзэну апхуэдэ Іуэхущіапіэ зэраІэм а адэ-анэхэр зэрыщыгуфІыкІыр. Зи узыншагъэм къимыхьхэм папщІэ спортым теухуауи жысІэну сыхуейщ. Сэ мазэ къэс сокІуэ зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабийхэм папщІэ Аруан щІыналъэм щыІэ центрым. Абы республикэм и щІыналъэ псоми щыщ сабии 151-м щадолажьэ. ФІыщІэ фхузощІ ди сабийхэм яхуэфщІэ псоми папщІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм Бэдракъ Іэминэ зыхуигъэзащ: «Уи лэжьыгъэм, гудзакъэ зэрыпхэлъым папщІэ фІыщІэ пхузощІ - сэ сощІэ зи гугъу сщІы Іуэхур зэрымытыншыр. Нобэ дэ Іуэху куэдым ди нэІэ ятедгъэтыфщ, нэхъыбэм далъоІэсыф». Абы щІигъуащ сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфІакІуэ зыгъэпсэхупІэхэр нэхъыбэ щІынми гулъытэ хэха зэригъуэтыр, апхуэдэ ІуэхущІапІэшхуэу тІу къызэІуахыну я мурадщ: «Комсомолец» санаторэу щытам, гъуэлъыпІи 180-рэ зыщІэхуэм, и унэр къанэ щымыІэу зэрагъэпэщыжащ. Апхуэдэщ «Эльбрус» центрри - гъуэлъыпІэ 200-м нэсым тещІыхьар, абыи цІыху щитху щІэхуэу ящІынущ. «Дэ псори тхузэфІэкІынущ. Ди социальнэ къалэнхэр процентищэкІэ дгъэзэщІэнущ», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

ЗэІущІэм хэта цІыхубзхэм я ехъулІэныгъэхэм, я мурадхэм, я хъуэпсапІэхэм я гугъу ящІащ, зи чэзу Іуэхухэм теухуауэ Іэтащхьэм епсэлъылІащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зэхыхьэм и кІэухым иджыри зэ псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ абы хэта бзылъхугъэхэм:

- ФІыщІэшхуэ фхузощІ. Ди нэхъыжьхэм, си нэхъыжьхэм зэрыжаІэу щытащи, дэ дрогушхуэ мы республикэм дыкъызэрыщалъхуам, дэ дрогушхуэ лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэкІахэр щызэдэпсэу ди республикэм и цІыхубэм дазэрыщыщым. Урысейм и цІыхубзхэм хуэдэхэр зи щІыбагъ къыдэт дэ сытри зэдгъэхъулІэфынущ. Бэшэчагъ фхэлъыну, фыузыншэну, дунейр икІэщІыпІэкІэ мамыр хъужу ди щІалэхэр къытхуэкІуэжыну си гуапэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Я ІэнатІэхэм щызыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэмрэ илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын

Бечеловэ Танзиля Рэмэзан и пхъум - Урысей Федерацэм Пенсэ икІи социальнэ страхованэмкІэ и фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ къудамэм Пенсэхэр цІыхухэм яхуэгъэувынымкІэ и управленэм пенсэхэр зэрыхуагъэув щІыкІэм кІэлъыплъынымкІэ и къудамэм и лэжьакІуэ-эксперт пажэм,

Ныр Ларисэ Леонид и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым дзэм къулыкъу щызыщІэнухэр убзыхунымкІэ и къудамэм и унафэщІым,

Соседкэ Александрэ Гарри и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым (оперативно-план къудамэм) и унафэщІым и дэІэпыкъуэгъу нэхъыжьым;

цІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр»

КІуэкІуэ Иринэ Николай и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм «Республикэ дохутыр-физкультурэ диспансер» къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и дохутыр нэхъыщхьэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

ПІаз Аннэ Сергей и пхъум - Налшык къалэ округым «Сабийхэр гъуазджэм щыхуагъасэ еджапІэ №1» щІэныгъэ гуэдзэ щрагъэгъуэт и муниципальнэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм и егъэджакІуэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист»

Бэгъуэт Мариannэ Хьэмидбий и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ щыІэ министерствэм къэрал хабзэмкІэ и къудамэм и юрисконсульт нэхъыжьым,

Джанхотовэ Марьям Энвер и пхъум - Къэрал казначействэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и юридическэ къудамэм и унафэщІым,

ТишкІэ ФатІимэ Мысост и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Арбитраж судым цІыхухэм яку къыдэхъуэ зэдауэхэм, нэгъуэщІ хабзэ зэхущытыкІэхэм хэплъэ хеящІэ гупым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек
Налшык къалэ,
2026 гъэм гъатхэпэм и 6-м
№19-УГ

Узэрыгушхуэ хъун ехъулІэныгъэхэр

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек ІущІащ УФ-м спортымкІэ и министр Дегтярев Михаил. Ар лэжьыгъэ ІуэхукІэ ди республикэм щыІащ мы махуэхэм.

ЩЫЗЭПСАЛЪЭМ министрым къыхигъэщащ илъэс кІуам ІэнатІэм ехъулІэныгъэ хъарзынэхэр зэриІар: Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я процент 63,5-р физкультурэм, спортым хэтщ. ЦІыхухэм я Іуэху еплъыкІэхэр зэзыгъащІэ ІуэхущІапІэм иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэм къызэригъэлъэгъуамкІэ, республикэм щыпсэухэм я процент 70-р арэзы тохъуэ физкультурэмрэ спортымрэ хэтхэм папщІэ къызэрагъэпэщ Іэмалхэм.

- Мы щІыналъэр къызэрымыкІуэу дахэщ, и спорт ехъулІэныгъэхэмкІэ, чемпионхэмкІэ цІэрыІуэщ, - къыхигъэщхьэхукІащ Дегтярев Михаил. Абы къыхигъэщащ Урысейм и Президент Путин Владимир спортым зегъэужьыным гулъытэшхуэ зэрыхуищІыр икІи а ехъулІэныгъэ псори къэрал унафэщІым пщэрылъ къащищІахэр гъэзэщІэным зэрегугъуэм къърикІуауэ зэрыщытыр.

КІуэкІуэ Казбек министрым фІыщІэ хуищІащ щІыналъэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыным хуэунэтІауэ къазэрыдэлажьэм папщІэ.

- ФІыщІэ пхузощІ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІа хъун щхьэкІэ сыт и лъэныкъуэкІи зэрызыкъытщІэбгъакъуэм папщІэ - псори зэхэту объекти 170-рэ зэдгъэпэщыжащ, духуащ. Ди спортсменхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ фІыуэ мэлажьэ. Иужьрей илъэсхэм лъэпкъ проектхэм я фІыгъэкІэ спорт-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексрэ спортзалу 31-рэ, унэтІыныгъэ куэдым хуэщІа спорт утыкуу 50, футбол щыджэгу губгъуэу 9 духуащ, еджапІэхэм я спортзалу 80-м щІигъу зэдгъэпэщыжащ, - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Къыхэзгъэщынщи, спорт хуэІухуэщІэхэм зегъэужьыным 2025 гъэм хухэтхауэ щытащ сом мелуани 193,4-рэ. «Физическэ щэнхабзэмрэ цІыху куэд зыхэт спортымрэ зегъэужьын», «ЕхъулІэныгъэшхуэхэм хуэщІа спортым зегъэужьын», «Бизнес-спринт (Сэ спортыр къыхызох» къэрал проектхэм япкъ иткІэ спорт еджапІэ 11-м папщІэ зыхуеину оборудованэхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ къэтщэхуащ. ГТО-м и мардэхэр щатын папщІэ Зеикъуэрэ Хьэбззэрэ спорт утыкухэр, Хъущтэ-Сырт утыку «губзыгъэ» жыхуаІэм хуэдэ къыщызэІутхащ. Къызыхуэтыншэу зэдгъэпэщыжащ «Налшык» спорткомплексыр, Хьэсэней жылэм модульнэ спортзал щыдухуащ.

Дызэрыт илъэсми пытщэнущ спорт еджапІэхэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщыным. ГТО-м и мардэхэр щатын спорт утыкухэр щытщІынущ Тамбовскэ, Анзорей къуажэхэм, Май къалэм. Утыку «губзыгъэхэр» - Тэрч, Джэрмэншык, Лашынкъей, Каменномост, Ерокъуэ жылэхэм. Налшык и сабий стадионыр къызыхуэтыншэу зэдгъэпэщыжыну, Безенгирэ Зэрэгъыжрэ спортзалхэр щыдухуэну ди мурадщ. Псори зэхэту къагъэсэбэпыну мылъкур сом мелуан 250-м щІегъу.

Урысейм спортымкІэ и министр Дегтярев Михаил зэІущІэм иужькІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменхэм къаритыжащ «Урысейм спортымкІэ и мастер» дамыгъэхэмрэ абы и щыхьэт тхылъхэмрэ.

Апхуэдэу КІуэкІуэ Казбекрэ Дегтярев Михаилрэ щыІащ ІэрыщІ мыл зэрылъ «Нальчик-Арена» уардэунэм, Иджырей пятиборьем зегъэужьынымкІэ центрым икІи абыхэм зыщызыгъасэ ныбжьыщІэхэмрэ тренерхэмрэ епсэлъылІащ.

Иджырей мыл уардэунэм 2025 гъэм лэжьэн щІидзащ, ар «Демографие» лъэпкъ проектым хыхьэ «Спортыр гъащІэм и мардэщ» къэрал проектым ипкъ иткІэ яухуащ. Мыбы сабий 300 хуэдизым зыщагъасэ, абыхэм мылым къыщыфэнымкІэ тренеритІрэ, хоккеймкІэ тренеритІрэ ядолажьэ. Псори зэхэту ухуэныгъэр метр зэбгъузэнатІэ 4000-м щІегъу, мыл гъурыджэ, спорзалхэр, спортсменхэм ядэщІхэм папщІэ тІысыпІэхэр, командэхэм, тренерхэм папщІэ пэш хэхахэр хэтщ. Уардэунэм щрагъэкІуэкІ щІыналъэзэхуаку зэхьэзэхуэхэр. Я мурадщ «Нальчик-Арена»-м и етІуанэ Іыхьэри яухуэну.

Иджырей пятиборьем зегъэужьынымкІэ центрри 2023 гъэм яухуащ «Демографие» лъэпкъ проектым хыхьэ «Спортыр гъащІэм и мардэщ» къэрал проектым ипкъ иткІэ. Абы метр зэбгъузэнатІэ 8000 еубыд, зы жэщмахуэ лэжьэгъуэм цІыхуи 137-м зыщагъэсэну Іэмал яІэу. Унэм хэтщ сытми хуэщІа залышхуэ, трибунэхэр зиІэ бассейн, лазеркІэ нэщанэ еуэным хуэщІа тир, тренажерхэр зыщІэт зал, нэгъуэщІхэри. Центрым иджырей пятиборьем хыхьэ лІэужьыгъуэхэм зэрызыщыхуагъасэм нэмыщІ, физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ Іэмалхэри иІэщ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Терророым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и махуэмкІэ ІэнатІэм пэрытхэм зэрехъуэхъур

Гъатхэпэм и 10-м илъэс 20 ирикъуащ Терророым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетыр (НАК) къызэрызэрагъэпэщрэ. А илъэсхэм ящыщ дэтхэнэ махуэми ар щытщ Урысей Федерацэм терроризмэм щыпэщІэт ІэнатІэ псоми я Іыхьэ нэхъыщхьэу, а унэтІыныгъэм елэжь къэрал, жылагъуэ ІуэхущІапІэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуІуу икІи къызэзыгъэпэщу.

БЛЭКІА зэманым къриубыдэу НАК-м лэжьыгъэшхуэ зэфІихащ, къыпхуэмылъытэным хуэдиз хэлъхьэныгъэ хуищІащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщІэтыным, дзыхь зыхуащІ шэпэІудз ди къэралым хуэхъуауэ. ІэнатІэм и ІэщІагъэлІ Іэзэхэм я фІыгъэкІэ Урысей Федерацэми абы щыпсэу цІыхухэми ящхьэщыха хъуащ къащхьэщыхьа шынагъуэ куэд. Абыхэм я фІыщІэкІэ хъума хъуащ цІыхуищэхэм я гъащІэхэр.

Нобэ, ди къэралым дзэ Іуэху хэхар щригъэкІуэкІ зэманым, НАК-м террорист, диверсие Іуэхугъуэхэр къызэпыудыным хуэгъэпса лэжьыгъэшхуэ зэфІегъэкІ, къэралым шынагъуэншагъэрэ зэпІэзэрытыныгъэрэ къыщызэгъэпэщыным хуэгъэза къалэн инхэр егъэзащІэ.

Дауи, къыпхуэмылъытэным хуэдиз мыхьэнэ иІэщ терророым пэщІэтынымкІэ щІыналъэ къудамэхэм я лэжьыгъэр тэрэзу екІуэкІынымкІэ НАК-м зэфІигъэкІ Іуэхугъуэхэм, абыхэм я зехьэкІэрэ гъэзэщІэкІэкІэ методикэ чэнджэщхэр ирату, щІэгъэкъуэн къахуэхъуу. А псоми щхьэкІэ фІыщІэ ин яхузощІ ІэнатІэм и ІэщІагъэлІхэм.

Сигуми си псэми къабгъэдэкІыу сохъуэхъу зи махуэщІыр ягъэлъапІэ комитетым и унафэщІхэм, ІэщІагъэлІ псоми узыншагъэ быдэ яІэу, я Іуэхухэр зэпэщу къэралым хуащІэ къалэнхэр ехъулІэныгъэкІэ дяпэкІи зэфІахыну.

Лъэпкъ псоми зыхащІэ а гуауэр

Балъкъэр лъэпкъыр гуузу хэкум зэрырашрэ илъэс 82-рэ зэрырикъум теухуа щыгъуэ Іуэхур щекІуэкІащ Политикэ залымыгъэм ихьахэм я фэеплъу Налшык къалэ дэтым.

1944 ГЪЭМ гъатхэпэм и 8-м, балъкъэр лъэпкъым щыщхэр фашистхэм ядэІэпыкъуауэ ягъэкъуаншэри, Азие Курытымрэ Къэзахъстанымрэ залымыгъэкІэ ирагъэІэпхъукІащ. ЦІыху мин 37,7-м щІигъу хэхуащ а бэлыхьым икІи абы куэд хэкІуэдащ. Балъкъэрхэр я адэжь лъахэм къыщыкІуэжыфар 1957 гъэм гъатхэпэм и 28-рщ.

Хабзэ зэрыхъуам тету, гъатхэпэм и 8-м а гуауэр зэдагуэш ди республикэм щыпсэухэмрэ къалащхьэм и хьэщІэхэмрэ.

ПэкІум хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий, министрхэр, КъБР-м ис Муслъымэнхэм я дин ІуэхущІапІэм, волонтёр зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

Зэхыхьэр къызэІуихащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. Абы жиІащ 1944 гъэм гъатхэпэм и 8-м балъкъэр лъэпкъым и тхыдэм напэкІуэцІ гуауэ къызэрыхэхъуар, пэкІур а Іуэхугъуэ шынагъуэхэр зи нэгу щІэкІа сабийхэм, лІыжьхэм, цІыхубзхэм я фэеплъу зэрыщытыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъ псори балъкъэрхэм зэрадэщыгъуэр.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Дзэ Iуэху хэхам хэтахэу лэжьапIэ увахэм мазэ къэс иратыну ахъшэ яхуэгъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм я социально-экономикэ зэпIэзэрытыныгъэр, жылагъуэр хъумэным ехьэлIа Iуэхухэр къызэгъэпэщыным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2022 гъэм гъатхэпэм и 16-м къыдигъэкIа Указ №121-м ипкъ иткIэ, зауэ Iуэхухэм я ветеранхэм ящыщу дзэ Iуэху хэхам хэтахэу дзэ къулыкъум (лэжьыгъэм) къыхагъэкIыжахэм псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ зэрызыщIагъакъуэм пыщэн мурадкIэ **унафэ сощI**:

1. Гъэувын:

а) «Ветеранхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ закон №5-ФЗ-м, 1995 гъэм щIышылэм и 12-м къыдэкIам, и 3-нэ статьям и 1-нэ пунктым и 1[1], 2[2] - 2[6] пункт къуэдзэхэм къыщыгъэлъэгъуа зауэ Iуэхухэм хуэдэхэм хэта ветеранхэм ящыщу дзэ Iуэху хэхам хэтахэу дзэ къулыкъум (лэжьыгъэм) къыхагъэкIыжахэу Урысей Федерацэм и цIыхухэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэпымыууэ щыпсэухэм, зэрылэжьапIэншэр икIи (е) лэжьапIэ къызэралъыхъуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм IэнатIэ къахуэгъуэтыным пыщIа и органхэм щезыгъэтхахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм IэнатIэ къахуэгъуэтыным пыщIа и органхэм ягъэкIуауэ 2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьапIэ щыщыувкIэ, апхуэдэхэм зэрадэIэпыкъу щIыкIэу, мазэ къэс иратыну;

б) мы пунктым и «а» пункт къуэдзэм зи гугъу ищI ахъшэхэр хэхъуэу къамылъытэну, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэм щадэлажьэ и IуэхущIапIэхэм я сабийхэр зэрагъакIуэм папщIэ адэанэхэм ят пщIэм щыщу къратыжын хуейр къызэрабж щIыкIэу унагъуэм исхэм ику иту я хэхъуэм тещIыхьар къащагъэлъагъуэкIэ.

2. Мы Указым и 1-нэ пунктым и «а» пункт къуэдзэм къыщыгъэлъэгъуа ахъшэхэр:

а) IуэхущIапIэхэр нэхъ зыхуэныкъуэ IэщIагъэхэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ е ику ит IэщIагъэм зэрыхуеджам и щыхьэт тхылъ иIэн хуейуэ къэзыгъэувхэм, Iэзагъэм, зыпэрыувэ IэнатIэм зэрыхищIыкIыпхъэ мардэхэм къитIасэрэ, къэрал хабзэмкIэ лэжьапщIэ нэхъ мащIэ дыдэу ягъэувам нэхърэ хуэдэ 1,5-кIэ мынэхъыбэ къыщахь IэнатIэм увамэ ират;

б) лэжьапIэ щыува пIалъэм къыщыщIэдзауэ мазэ 12 нэхърэ мынэхъыбэ пIалъэм тещIыхьауэ, ахъшэр къратыну щатха зэманым лэжьапщIэ нэхъ мащIэ дыдэу ягъэувам хуэдэ зы кърат.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэр хуит щIын мы Указым и 1-нэ пунктым и «а» пункт къуэдзэм къыщыгъэлъэгъуахэр игъэзэщIэну икIи ар зэрызэфIагъэкIыну щIыкIэмрэ абы пыщIа Iуэхухэмрэ зэкIэлъигъэкIуэну, абы IуэхущIапIэхэр нэхъ зыхуэныкъуэ IэщIагъэхэр зыхуэдэхэр къэлъытэнри хэту.

4. Мы Указым и 1-нэ пунктым и «а» пункт къуэдзэм къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэным текIуэдэну мылъкур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и гъэтIылъыгъэ фондым къыхахынущ.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и пщэ илъхьэн мы Указым къыщыгъэлъэгъуахэр зэфIэгъэкIыным текIуэдэну мылъкур щыIэ хабзэм ипкъ иткIэ яхухихыну, апхуэдэуи абы теухуа зыхуэфащэ нэгъуэщI унафэхэри къищтэну.

6. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ икIи ятохуэ 2026 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ зэфIэува хабзэ зэхущытыкIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ,
2026 гъэм гъатхэпэм и 3-м
№18-УГ

Лъэпкъ псоми зыхащIэ a гуауэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Къызэхуэсахэр зы дакъикъэкIэ щыгъуа нэужь, псалъэ иратащ Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщI Дзасэжь Хьэзрэталий.

- Си къуэш, си шыпхъу лъапIэхэ! Нобэ дигу къыдогъэкIыж 1944 гъэм къэхъуа гузэвэгъуэ шынагъуэр. Ар зы напIэзыпIэм балъкъэрхэм къытепсыха хьэзабышхуэт. Лъэпкъ псом я унэхэр ябгынэн хуей хъуащ, къахуэщтэ хьэпшып мащIэм фIэкIа ямыIыгъыу. Балигъи сабии игъэдзыхащ абы, пасэу дунейм ехыжаи, мэжэщIалIагъэм, гугъуехьым ихьаи къахэкIащ. Мы Рэмэдан мазэ лъапIэм, Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа пIалъэм, Алыхьышхуэм долъэIу хэкIуэда псоми гущIэгъу къахуищIыну. Алыхьым долъэIу апхуэдэ гузэвэгъуэхэм афIэкIа зэи къытрамыгъэзэжыну.

Нобэ зэман гугъум дыщопсэу Ди къэралми республикэми мамырыгъэрэ зэпIэзэрытыныгъэрэ илъыну Тхьэм долъэIу, - жиIащ абы.

«Балъкъэр лъэпкъхэм я лIыкIуэхэм я совет» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Сумаев Ахъмэт къыхигъэщащ: «Ди лъэпкъым и къекIуэкIыкIам, 1944 гъэм гъатхэпэм и 8-м и щхьэм кърикIуам и хьэлъагъыр къэралым къилъытащ. Илъэс 82-рэ и пэкIэ лъэпкъ псор хьэпшып къызэрырашэкI вагонхэм ирагъэтIысхьэри, Азие Курытымрэ Къэзахъстанымрэ яшащ. Iэщэ зыIыгъыф цIыхухъуэм Хэку зауэшхуэм и фронтхэм лIыхъужыгъэ яхэлъу Iуту, къуажэхэм къыдэна лIыжьфызыжьхэмрэ сабийхэмрэ дашащ.

ХамэщIым лажьэ ямыIэу щыкIуэдахэм, хэхэс гъащIэм щымэхъашэурэ лIэжахэм я гум щыщIар дауэ къыпхуэIуэтэну? ЩIэкъым апхуэдэ псалъэ. ИкIи а щIэпхъаджагъэр зыщIахэр зэи пхуэгъэзэхуэнукъым. ЦIыхум и зэхэщIыкIым къиубыдкъым апхуэдэ гущIэгъуншагъэр.

Ауэ, сыт хуэдиз гугъуехь илъэгъуами, ди лъэпкъыр кIуэдакъым. Ар къелащ и гуащIэдэкIым, ерыщагъым я фIыгъэкIэ. Ди лъэпкъым щыщ цIыху щэджащэхэр, хамэ щIыпIэ зэрырагъэтIысхьам емылъытауэ, пэрыт хъурт, къэрал дамыгъэхэр, саугъэтхэр къратырт. Я нэгу щIэкIам игъэгубжьакъым ахэр, ди къэралышхуэм щыпсэу лъэпкъхэм къуэш хуэдэу ябгъэдэтщ.

Дэ фIыщIэ яхудощI Урысейм ис лъэпкъхэм, абыхэм я гулъытэ зыхыдощIа. Ди адэжьхэм къытхуащIа уэсятым дытету ди зэхущытыкIэхэр едгъэфIэкIуэну дыхьэзырщ. ФIыщIэ яхузощI мы махуэ гуауэр къыддэзыгуэш дэтхэнэ зыми, икIи дэ, балъкъэрхэм, къыттехьа лейм хуэдэ зыми иремыгъэунэху.

Дэ фIыуэ дощIэ икIи къыдгуроIуэ дэтхэнэ лъэпкъри езым и анэдэлъхубзэр, хабзэр, фIэщхъуныгъэр, щэнхабзэр, блэкIам и фэеплъыр яхъумэу, къэкIуэнум хущIэкъуу зэрыпсэур. Аращи, ди щхьэ кърикIуар зыщыдмыгъэгъупщэу, гулъытэ хэха хуэтщIын хуейщ ди лъэпкъым и къэкIуэнум, ди хабзэр, псэкупсэ лъапIэныгъэхэр хъумэным. Дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI мы зэманым ди къэралми республикэми щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэу Хэкум и сэбэп зыхэлъхэр яхъумэу, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу зэуапIэм щыIэ щIалэхэм я гугъу сымыщIу хъунукъым. Абыхэм гугъу зыщIрагъэхь ТекIуэныгъэм дыпоплъэ, шэч къытетхьэркъым щIалэхэр псэууэ, узыншэу я унагъуэхэм къызэрекIуэлIэжынум.

2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу ди Президентым игъэуващ. Дэ ди фIэщ мэхъу зэкъуэтыныгъэм лъэпкъ куэду зэхэт ди къэралыр нэхъ лъэщ зэрищIынур. Мамырыгъэ, фIыгъуэ, ефIэкIуэныгъэ псоми фиIэну!».

Къызэхуэсахэм захуигъэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым хэт Сэхъурокъуэ Хьэутий: «Илъэс 82-рэ и пэкIэ цIыхухэм я нэгу щIэкIар гузэвэгъуэ дыдэт: лъэпкъ псо залымыгъэкIэ хэкум ирагъэкIащ, я жьэгу мафIэри къэкIуэнум хуаIэ гугъапIэхэри къыIэщIахри. Илъэс куэд дэкIащ абы лъандэрэ, ауэ а зэманым къэхъуахэр цIыхубэм я гум зэи ихуакъым. Ахэр тхылъхэмрэ фильмхэмрэ къыщыгъэлъэгъуэжам и мызакъуэу, ди нэхъыжьхэм я нэгум щIэтщ, я гум илъщ. Гузэвэгъуэр дэтхэнэ балъкъэр унагъуэми лъэIэсат, лъэпкъым и тхыдэм мыкIуэдыжын лъэужь къыхинэри. Ауэ лъэпкъым и нэхъыжьхэр сэбэп хъуащ хэхэс хъуахэм захъумэжынымкIэ. Ахэр гъуэгуанэ гугъум къызэрелам и мызакъуэу, я бзэри, я фIэщхъуныгъэри, я хабзэри яхъумэфащ. Сэ жысIэну сыхуейщ лей зытехьа балъкъэр лъэпкъым и узыр Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей иным щыпсэу адрей лъэпкъ псоми зэрызыхащIэр, нобэ хуэдэ махуэм зэращIыгъур. Ди хэку цIыкIумрэ Урысеишхуэмрэ мамыру, зэгурыIуэу псэун щхьэкIэ, зылI и быну дызэкъуэтщ дэ. Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ куэд щIауэ зы щIыналъэм щопсэу. Хэкум къэкIуэж балъкъэрхэм япежьащ адыгэхэр, урысхэр, нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщхэр икIи яхузэфIэкIымкIэ ядэIэпыкъуащ. Ди лъэпкъитIыр зэрызыгъэубыд нэчыхь куэд щатх Къэбэрдей-Балъкъэрым, балъкъэр унэцIэхэр зиIэ адыгэ унагъуэхэр щыIэщ, адыгэ лъабжьэ зиIэ балъкъэр унагъуэхэр куэдщ.

Ди лъэпкъитIым я зэныбжьэгъугъэр Кулиев Къайсынрэ КIыщокъуэ Алимрэ хьэкъ ящIащ, ахэр ди къуэш зэпыщIэныгъэ быдэм и щапхъэ наIуэщ. Дэ ди къалэнщ ди зэкъуэшыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ Урысей иным хэту ди лъэпкъхэм дяпэкIэ зэрызаужьынум и шэсыпIэ нэхъыщхьэу тхъумэну.

Ныбжьэгъу лъапIэхэ, нобэ, зэи хуэмыдэжу, долъагъу щIыпIэ куэдым лъы зэрыщагъажэр. Апхуэдэ махуэхэм деж мыхьэнэшхуэ иIэщ зэкъуэувэным, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ хъумэным. БлэкIа гузэвэгъуэхэм я фэеплъыр ди зэпыщIэныгъэр зыгъэбыдэ, зэкъуэтыныгъэр езыгъэфIакIуэ дерс хъун хуейщ».

ЗэIущIэм хэтахэм политикэ залымыгъэм ихьахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ. Мемориалым къыщызэIуахащ Занкишиев Ибрэхьим «Моя Балкария» зыфIища лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. ЦIыхухэм зыщаплъыхьащ балъкъэр лъэпкъым и тхыдэм и лъэхъэнэ зэмылIэужьыгъуэхэр, абы и напэкIуэцI гуауэхэр щызэхуэхьэсыжа музейм.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Нэхъыжьхэм щэбэт щIыхьэхукIэ зыщIагъэкъуэнущ

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ Iуэхугъуэ зыбжанэм щыхэплъа зэIущIэ.

ЦIЫХУХЭМ я щыIэкIэ-псэукIэм ехьэлIа Iуэхугъуэ пыухыкIахэм щытепсэлъыхьащ абы. ЗэIущIэм щагъэбелджылащ нэхъыжьхэм папщIэ гъатхэпэм и 21-м республикэпсо щIыхьэху зэрырагъэкIуэкIынур. НыкъуэдыкъуэхэмХэку зауэшхуэм хэтахэм, сабийуэ гъэрыпIэ исахэм, зауэлIхэм я фызабэхэм зыщIагъэкъуэн мурадкIэ къыхалъхьащ Iуэхур.

Узыншагъэр щрагъэфIакIуэ, зыщагъэпсэху щIыпIэхэм кIуэну нэхъапэу къызылъысыпхъэ сабийхэм гулъытэ зэрыхуащIынум и щыхьэту, Правительствэм къищтащ сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ зи узыншагъэм сэкъат иIэхэмрэ къэрал, муниципальнэ зыгъэпсэхупIэхэм зэрагъэкIуэнум теухуа дэфтэрыр, 2026 гъэм а бжыгъэр зыхуэдэнури ягъэбелджылащ. Абы текIуэдэнущ сабийхэм загъэпсэхунымрэ я узыншагъэм кIэлъыплъынымрэ хухаха республикэ мылъкум щыщ.

ЗэIущIэм щыжаIащ республикэм щыщу гугъуехьышхуэ пэщIэхуа цIыхуищым сом мин 650-кIэ зэрадэIэпыкъунур.

Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къэмыгъэхъуным теухуа къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэнущ. Ар хуэгъэзащ щIэпхъаджагъэм пэщIэтынымкIэ, мыхъумыщIагъэм щIалэгъуалэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ щыхъумэнымкIэ лэжьыпхъэм.

Къэрал лъэпкъ политикэмрэ жылагъуэ проектхэмрэ КъБР-м щыгъэзэщIэным теухуа программэми зэIущIэм щытепсэлъыхьащ. Жылагъуэм зегъэужьыным епха Iуэхухэм хуаунэтIынущ Президент гранту сом мелуани 6. Ар КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм мылъку къегъэщIыным емыпха жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ятригуэшэнущ, зэпеуэ къызэригъэпэщынум кърикIуэнум елъытауэ. 2026 гъэм щIышылэм и 28-м КъБР-м и Iэтащхьэм къищта унафэм тету, зи гугъу тщIы къэрал программэм республикэм и мылъкум щыщу дыщIигъунущ сом мелуан 12.

Къат куэду зэтет унэхэм щыпсэухэм зэдай мылъкур зехьэным теухуауэ 2014 - 2049 гъэхэм тещIыхьа программэм тету 2023 - 2025 гъэхэм ялэжьын хуеяхэр ягъэнэхуэжащ.

УФ-м ТранспортымкIэ и министерствэм и чэнджэщхэр къалъытэри, КъБР-м и цIыхубэ транспортым тещIыхьа программэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. «ЦIыхубэ транспортым зегъэужьын» щIыналъэ проектыр гъэзэщIэным 2026 гъэм текIуэдэнущ сом мелуани 174,6-рэ.

Олимп, паралимп, сурдлимп, нэгъуэщI спорт лIэужьыгъуэхэм хэтхэм, спорт зэхьэзэхуэшхуэхэм текIуэныгъэ къыщызыхьахэмрэ ахэр зи гъэсэнхэмрэ ящыщу КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтыр (2025 гъэм и еплIанэ мазищым хуэзэу) зратынухэр белджылы хъуащ.

ГЪУЭТ Синэ.

● УФСБ-м къет

Налог щIыхуэшхуэ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, Федеральнэ налог IуэхущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ коммерческэ IуэхущIапIэм и унафэщIым илэжь хабзэншагъэр. Абы налогхэр тыным зыпыIуидзырт.

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, 2018, 2019 гъэхэм шэч зыхуащIым налог декларацэхэм хъыбар нэпцIхэр къыщигъэлъагъуэурэ, налогхэмрэ къыхаххэмрэ ехьэлIа сом мелуан 500-м щIигъу итакъым.

Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 199-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «б» пунктым ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 5-м нэскIэ ягъэтIыс.

Къэрал тхыдэм и хъумапIэ

Урысей Федерацэм и махуэгъэпсым къыщыхэгъэбелджылыкIа махуэщIхэм 2003 гъэ лъандэрэ къахэуващ УФ-м и архивхэм я махуэр. Ар гъатхэпэм и 10-м щIытрагъэхуам щхьэусыгъуэ хэха иIэщ. КъызэрыщIэкIымкIэ, 1720 гъэм Пётр Езанэм унафэ къыдигъэкIауэ щытащ Урысейм и къулыкъущIапIэ, IуэхущIапIэ псоми щекIуэкI лэжьыгъэхэр, къэралым къыщыхъу Iуэхугъуэхэр зэрыт тхылъхэр зэхуэзыхьэсыну IэщIагъэлI (архивариус) яIэн хуейуэ.

ДИ КЪЭРАЛЫШХУЭМ и архив хъумапIэхэм щахъумэ дэфтэрхэм я бжыгъэр мы зэманым мелуан 500-м щIегъу. Абыхэм я нэхъ пасэрей дыдэхэр XI лIэщIыгъуэм къыщыхъуа Iуэхугъуэхэм теухуащ. Къэрал тхыдэр «щыпсэу» хэщIапIэм, абы щIыналъэхэм щиIэ къудамэхэм щыбгъуэтынущ лъэхъэнэ блэкIахэр хэт и дежкIэ дапхуэдэу щытами, а гъуэгуанэ кIыхьыр къыщакIум сыт хуэдэ лъэпощхьэпохэмрэ гугъуехьхэмрэ ди цIыхухэм къызэранэкIами, ехъулIэныгъэхэмрэ гуфIэгъуэшхуэхэмрэ я псэм дауэ зыхищIами къыбжезыIэфыну, жэуап пэж къозытыфыну дэфтэр зэмылIэжьыгъуэхэр. Апхуэдэу лъэпкъ архивхэм щахъумэ дэфтэрхэр ялъытэ блэкIам худиIапхъэ гупсысэр зыунэтIыф Iэмалхэм.

Совет Союзым, Урысей Федерацэм, абы хыхьэ щIыналъэхэм я тхыдэ-щэнхабзэ щIэиныр щIэблэм я деж нэхьэсыныр архив къулыкъущIапIэм и IэщIагъэлIхэм я къалэн нэхъыщхьэщ. Апхуэдэ лэжьыгъэм и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ, купщIафIэщ. Архивым и фондхэм елIалIэу щахъумэ уасэ зимыIэ дэфтэрхэр. Абыхэм хуэныкъуэхэм а тхылъхэр дапщэщи ягъуэт, проектхэр щызэхалъхьэкIэ, тхылъ щатхкIэ, конференцхэм, семинархэм зыщыхуагъэхьэзыркIэ, щIэныгъэ лэжьыгъэ щагъэзащIэкIэ. Архивым и лэжьакIуэхэм я щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ я фIыщIэкIэ зэи зыми къехъулIэнукъым къэралымрэ абы и щIыналъэхэмрэ я тхыдэхэр къратхыкIыжыныр.

Къэралым, республикэм я тхыдэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ архив къулыкъум зыщиужьащ ди щIыналъэми. Къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100-м щIигъуа Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрызэфIэувэрэ зы илъэси иримыкъуу наIуэ къэхъуащ щIыналъэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр лъэпкъ тхыдэм къыхэнэн, ахэр къэкIуэну щIэблэхэм дэфтэр щхьэхуэхэу яхуэхъумэн зэрыхуейр. Абы и хэкIыпIэр зыт - а дэфтэрхэм я хъумапIэ щыIэнырт. А мурадыр и гъуазэу КъБАО-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым ди щIыналъэм архив IэнатIэ къыщызэгъэпэщыным теухуауэ 1922 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м унафэ зэрищIари. Абы и къалэн нэхъыщхьэр иджыри къэс зэхуэхьэса хъуа дэфтэрхэри хъумэнырт, а фондым адэкIи къыхэгъэхъуэнырт, цIыхухэр хуей хъумэ, абыхэм щыгъуазэ зыхуащIыну Iэмал етынырт.

Дауи, гугъуехь куэд зыпылъ къалэнт архив лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу зэтеублэныр. РСФСР-м и архив лэжьакIуэхэм я езанэ съездыр 1925 гъэм екIуэкIауэ щытащ. Абы зэрыщыжаIамкIэ, КъБАО-м и архив IэнатIэр иджыри зэтеувэ къудейуэ арат. Пэжу, а илъэсымрэ къыкIэлъыкIуэ гъэмрэ кърихубыдэу областым къыщызэIуахауэ щытащ щIыпIэ архив къудамэу 9. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, Балъкъэр, Бахъсэн, Къэзакъ, Налшык, Аруан къудамэхэр, нэгъуэщIхэри. 1927 - 1932 гъэхэм кърихубыдэу щIыналъэ архивым зыужьыныгъэфI игъуэтащ. ЩIыпIэ хъумапIэхэм кърахри, окружной фондым халъхьащ 1917 - 1921 гъэхэр къызэщIэзыубыдэ дэфтэрхэр. Ахэр ятеухуат революцэ комитетхэр къуажэхэм зэрыщылэжьам, милицэ IэнатIэхэм щрагъэкIуэкIа Iуэхухэм, нэгъуэщIхэми. Иджы щIыналъэ архивым щахъумэрт къэрал мыхьэнэ зиIа Iуэху 36129-м ехьэлIа дэфтэрхэр.

Ди щIыналъэм щызэфIах архив лэжьыгъэшхуэр къыщалъытауэ щытащ 1929 гъэм екIуэкIа я съездым. Мыгувэу къащтауэ щытащ «Краевой (областной) архив къудамэхэм ятеухуауэ» унафэр. Абы ипкъ иткIэ лэжьыгъэр нэхъ тэмэму, къызыхуэтыншэу зэтегъэува хъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и архив къулыкъущIапIэр иджырей зэманым щытщ щIыпIэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ IэнатIэу. Архивым Iуэхушхуэхэр зэфIех щIыналъэм и дэфтэрхэу къэрал мыхьэнэ зиIэхэр хъумэным, абы ехьэлIа хабзэ-хуитыныгъэ тхылъхэр гъэхьэзырыным, архивым и щIэныгъэ-справочнэ IэнатIэр къызэIухыным икIи абы и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным, хъумапIэм щIэлъ дэфтэрхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр къыдэгъэкIыным, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэгъэпэщыным, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэми ехьэлIауэ.

Архив къулыкъущIапIэм и лэжьакIуэ псоми дэри дохъуэхъу я IэщIагъэм епха махуэшхуэмкIэ. Я зэфIэкIым, зыпэрыт Iуэхум хуаIэ жэуаплыныгъэм хэхъуэ зэпыту, ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэу, узыншагъэ быдэ яIэу, мамырыгъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ щымыщIэу куэдрэ Тхьэм игъэпсэу, игъэлажьэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● КIэщIу

Метр зэбгъузэнатIэу мин 579-рэ

2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и ухуэныгъэ IэнатIэм хэхъуэфIхэр къигъэлъэгъуащ икIи а лэжьыгъэхэм псори зэхэту сом меларда 45,8-рэ къыпэкIуащ. Абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 2-кIэ нэхъыбэщ ар.

«ПСЭУПIЭ» щIыналъэ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ псэупIэу яухуащ псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 642,5-рэ икIи 2024 гъэм яхуэзфIэкIам нэхърэ процент 5,2-кIэ ар нэхъыбэщ. Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу яIэтащ къат куэду зэтет унэу 43-рэ, фэтэру 3545-рэ хэту, псори метр зэбгъузэнатIэ мин 222,5-рэ хъууэ.

Лъэныкъуэхэм зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, 2026 гъэм, «ПсэупIэ» щIыналъэ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ, республикэм псэупIэу щаухуэнущ псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэу мин 579-рэ.

Илъэсым и япэ мазэм

2026 гъэм и щIышылэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ индексым процент 4,1-кIэ хэхъуащ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ.

ХЭХЪУЭ нэхъыбэ яIащ продукцэ зэхуэмыдэхэр къыщIэзыгъэкI, абыхэм елэжь IэнатIэхэм - процент 101,8-рэ. Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу хагъэхъуащ щэкIхэкIым, щыгъыным, ухуэныгъэ материалхэм (гъущIхэкIхэр хэмыту), гипсым, абджым, гъущIым къыхэщIыкIа продукцэ хьэзырхэм, медицинэ оборудованэхэм, автотранспортым, унэлъащIэм, нэгъуэщIхэми я куэдагъым.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондент **Гуэбэшы МариаННэ Мурадин и пхъум** хуогузавэ абы и адэ **Гуэбэшы Мурадин Нурхьэлий и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэхэр IуэхущIапIэм и бухгалтер нэхъыщхьэ **Хъымбэзэр Мадинэ Аслъэн и пхъум** хуогузауэ абы и адэ **Хъымбэзэр Аслъэн КIуэлунэ и къуэ**р дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэпыщIэныгъэхэм зрагъэужьынущ

Урысейм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ Африкэ Курыт Республикэм и президент Туадерэ Арканж. УФ-м и Президент Путин Владимир абы щыIущIащ Кремлым и уардэунэм икIи лъэныкъуитIми я фейдэ зыхэлъ Iуэхугъуэ куэдым - политикэм, сату-экономикэ зэпыщIэныгъэхэм, дунейпсо щытыкIэм - тепсэлъыхьащ.

ДИ КЪЭРАЛЫМ и УнафэщIым къыхигъэщащ Урысеймрэ Африкэ Курыт Республикэмрэ энергетикэмрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ я IуэхукIэ зыужьыныгъэфIхэр яIэу зэрызэдэлэжьэфынур. Апхуэдэу къэралитIым я мурадщ сату-экономикэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ правительствэ комиссэ къызэрагъэпэщыну.

Путин Владимир жиIащ Африкэ Курыт Республикэм урысыбзэмкIэ центр къыщызэрагъэпэщар ехъулIэныгъэхэр иIэу зэрылажьэм зэрыщыгъуазэр. «ФIыщIэ фхузощI урысыбзэм къэралым зыщегъэужьыным теухуауэ Iуэху хъарзынэхэр зэревгъэкIуэкIым, абы гулъытэ зэрыхуэфщIым папщIэ», - жиIащ Урысей Федерацэм и Президентым.

Гулъытэр зэхуэдэн хуейщ

«ЛIыхъужьхэр Урысейм и мамыр псэукIэм щIозэу. Дэ ди къалэнщ абыхэм яхуэфащэ гулъытэ яхуэтщIыныр. Ди зауэлIхэм ди къэкIуэнум папщIэ, я гъащIэ щымысхьу къалэхэмрэ къуажэхэмрэ хуит къащIыжыху, лагъымкIэ узэда губгъуэхэм кIуэцIрыкIыху, дэ, мамыр гъащIэм хэпсэукIэм, ди къалэнщ абыхэм я щIыбагъ быдэу дыкъыдэтыну. Ауэ нобэ щIыналъэ зэхуэмыдэхэм лIыхъужьхэм зэрызыщIагъакъуэр зэщхьэщокI - ар захуагъэкъым», - жиIащ ЛДПР-м и унафэщI Слуцкий Леонид.

ПАРТЫМ и унафэщIым къелъытэ лIыхъужь псоми абыхэм я унагъуэхэми ягъуэт гулъытэр зэхуэдэу щытын хуейуэ. Апхуэдэу къегъэлъагъуэ Хэкум и хъумакIуэхэм ират ахъшэр щIыналъэ псоми зыуэ щыщытыпхъэу, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм е абы хэкIуэдахэм я унагъуэхэр чэзум хэмыту псэупIэкIэ къызэгъэпэщыпхъэу, къулыкъу зыщIэхэм я стажыр къыщабжкIэ зы илъэсыр илъэсищым хуэкIуэу къэгъэлъэгъуапхъэу.

«Я къаруи я гъащIи емыблэжу хэкум и деж щаIэ къалэныр зыгъэзащIэ лIыхъужьхэм яхуэфащэ пщIэр ягъуэтын хуейщ», - жиIащ абы.

Гъатхэпэм и 11, *бэрэжьей*

♦**УФ-м Наркотикхэм якIэлъыплъынымкIэ и IуэхущIапIэм и лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**Уней хъумакIуэ агентствэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1991 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къищта унафэм ипкъ иткIэ «Ленин гъуэгу» газетым и цIэр «Адыгэ псалъэ» жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Уэщхъун МуIэед**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градус 0 - 1 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Гъатхэпэм и 7-м республикэм къыщалъхуащ сабий 34-рэ: 20-р хъыджэбз цIыкIущ, 14-р щIалэщ.

Гъатхэпэм и 8-м - сабий 22-рэ: 11-р хъыджэбз цIыкIущ, 11-р щIалэщ.

Гъатхэпэм и 10-м - сабий 20:10-р хъыджэбз цIыкIущ, 10-р щIалэщ.

Гъатхэпэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 274-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 1762-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи бий лIакIэ уигу жьы думыгъэху.

Уэрэд жыIэнри егъэджэныгъэри къызэхъулIэ

● ДифI догъэлъапIэ

Бесчокъуэ Майе и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу

Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей къуажэм щыпсэу Бесчокъуэ Мусэрбийрэ Аниуарэрэ я унагъуэм къихъуа бын пажэт Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артисткэ, Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и институтым щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ и колледжым и егъэджакIуэ хъуну зи натIэм къритха хъыджэбз цIыкIур. Зыхуейр зэрызригъэхъулIэфын къарурэ ерыщагъырэ хэлът 1951 гъэм гъатхэпэм и 10-м къалъхуа, куэдым Светэу яцIыху Бесчокъуэ Майе...

ЗЭРЫХЪУАРАТ... Сабийр къызэралъхуамкIэ щыхьэт тхылъыр (нэхъыжьхэми зэрыжаIэу щытауэ, метрикэр) къыхуIихыну я гъунэгъум елъэIуат анэр, «Светэ» зэрыфIащари жриIат. Арщхьэкlэ сельсоветым нэсыху а цIэр щыгъупщэжащ. Iуэхур къыщыхъур май мазэрати, «Майеу»-у иригъэтхри къэкIуэжащ. Хьэблацэ тхылъымпIэм еплъагъэххэкъым, дэфтэрхэр щихъумэ пхъуантэм дилъхьэри ежьэжащ. Нобэр къыздэсым и Iыхьлыхэр абы къызэреджэр Светэщ, езыри куэд дыдэрэ Майем емысэфу зэрыщытар ибзыщIыркъым.

Школым илъэсих фIэкIа мыхъуу кIуащ хъыджэбз цIыкIур.

- Си адэмрэ абы и къуэшымрэ я унагъуэхэр зы пщIантIэм дыдэст, - игу къегъэкIыж Майе. - Сэ нэхърэ илъэситIкIэ нэхъыжьт я хъыджэбзыр. Зы махуэ гуэрым абы селъэIуащ къэрэндащрэ тхылъымпIэрэ къызитыну. Школым и гъусэу сыкIуэну мурад сщIауэ арат, си адэр Москва лэжьапIэ Iуэхукlэ зэрыщыIэр къэзгъэсэбэпри. СыкIуащ, и ужьым ситу классым сыщIыхьащ. ЕгъэджакIуэр сыхэтми къызэупщIри, сыкъыщIихужащ. ЕтIуанэ дерс хъухукIэ сыпэплъэри, аргуэру сыщIыхьэжащ. Апхуэдэу сыкъыщIахум - сафIыщIыхьэжурэ тхьэмахуэр кIуащ, къызэсэхэри сыкъыщIанащ.

Зэгуэрым егъэджакIуэм Майе и анэм къыжриIащ и пхъур зэрыгъэщIэгъуэныр, щэху цIыкIуу макъамэ гуэрхэр къызэриIущэщыр. «ЗэрымыщIэкIэ къэхъу Iуэхут ар, - жеIэ Майе. - Радиом къит уэрэдым сыщедаIуэкIэ (телевизор диIэтэкъым), IупщIу си нэгум къыщIэувэрт пэшышхуэм и утыкум бостей кIыхь дахэ сщыгъыу ситу. Си адэм фIыщэу илъагъурт макъамэр, езыми уэрэд дахэ дыдэу жиIэрт. Пластинкэ зэмылIэужьыгъуэхэр къищэхурти, абыхэм дедаIуэрт, уэрэдым дыдежьурт.

Еянэ классыр къиуха нэужь, макъамэ училищэ щIэтIысхьэну мурад ищIащ илъэс пщыкIутху фIэкIа мыхъу хъыджэбз цIыкIум. И адэм ар Налшык къишащ, арщхьэкlэ уэрэджыIакIуэу ягъэхьэзырынухэр илъэс 18 иримыкъуауэ, и макъыр зэтемыувауэ, къамыщтэу къыщIэкIащ. Лъыхъуэурэ культпросветучилищэм екIуэлIащ икIи къащтащ. Илъэс 17-м къиухащ а курыт еджапIэр Майе. Абы и егъэджакIуэм къыжриIат Ленинград (иджы Санкт-Петербургщ) консерваторэм фIэкIа зыщIыпIи щIэмытIысхьэнуи, ар и гум илът, профессор Узинг Марие и хэщIапIэри итхри къритат. Арати, а къалэшхуэм кIуэ гъуэгум теуващ. И адэм кхъухьлъатэм иригъэтIысхьэри иутIыпщащ. Нэсащи, здэкIуэнур ищIэркъым. Махуэ псом къызэхижыхьащ Ленинград троллейбусрэ автобускIэ, махуэр зэрыкIыхьыщэр игъэщIагъуэу. КъызэрыщIэкIамкIэ, «жэщ хужьхэм» ирихьэлIауэ арат, Марие Оттовнэ и деж щынэсам, жэщым сыхьэтыр зы хъуакIэт.

Нэху къекIхэри, консерваторэм ишащ. КъэпщытакIуэ гупым я пащхьэм уэрэдитI щигъэзащIэри къыщэкIыжауэ кIэлындорым тетт хъыджэбзыр. Iуэхущ-IапIэм и ректор, профессор цIэрыIуэ, ди къэралым и цIыхубэ артист Серебряков Павел къыбгъэдыхьэри Майе къыжриIащ: «ФIыуэ, ину уэрэд жыбоIэ, дахэ. Ауэ уи макъыр иджыри делэ цIыкIущ». Хъыджэбз ерыпIынэ цIыкIум идакъым ар, «мыкIуэмытэфыр цIыхухэр аращ», - жриIащ. Аргуэрыжьти, къащтакъым, илъэс 18 хъуатэкъыми.

Москва кIуащ и Iуэху щыдэкIым еплъыну, ауэ щIэтIысхьэгъуэ псоми къыкIэрыхуауэ къыщIэкIри, къуажэм къигъэзэжащ. ИлъэскIэ школым уэрэд жыIэнымкIэ егъэджакIуэу щылэжьащ, фIыуэ зигъэхьэзырри Ленинград игъэзэжащ. Серебряковым къицIыхужат ар икIи зэрытригъэзар и гуапэ зэрыхъуар къыжриIат.

- Илъэситхур гуапэу сигу къинащ, - жеIэ Майе. - Къалэ телъыджэт Ленинград, щыпсэухэр гуапэт. Консерватрэм и кIэлындор кIыхьхэм тетIысхьэпIэхэр тетрэ, зэман щыдиIэм абдежым дыщызэбгъэдэсу, дыщыуэршэру. Ныбжь зиIэ профессор телъыджэхэр щыблэкIкIэ укъэтэджынтэкъэ, ар уи лъым щыхэткIэ?! СощIэж ягъэщIагъуэу зэрыщытар, сэри яжесIэрт ар дызэрилъэпкъ хабзэр. Апхуэдэущ адыгэ дирижёр цIэрыIуэ Темыркъан Юри гу къызэрыслъитар. Къызбгъэдыхьэри адыгэбзэкIэ къызэупщIат дэнэ сыщыщми. Ар куэдрэ къакIуэрт и профессорым и деж. КъызжиIат зыгуэр сыхуей хъумэ, сымыукIытэу сыбгъэдыхьэну. ИкъукIэ гуапэу къытхущытт ди егъэджакIуэхэр, дызэхащIыкIырт, дагъэгушхуэрт. Ар хьэлу зыхэслъхьауэ, си студентхэми апхуэдэущ сазэрыбгъэдэтыр, нэгъуэщIхэр ямылейуэ яхуэткIийуэ щыслъагъукIи, сфIэфIкъым.

Римский-Корсаков и цIэр зезыхьэ а консерваторэр 1974 гъэм къиухащ Майе, оперэ уэрэджыIакIуэу, вокалымкIэ егъэджакIуэу. Лирико-драмэ сопранэ лIэужьыгъуэщ и макъыр, щIэжьыуэ дахэ щIэту. А гъэ дыдэм Музыкэ театрым къащтати, къыщедаIуэм ягъэщIэгъуауэ щытащ хъыджэбз Iэпсыгъуэ-лъэпсыгъуэ цIыкIум апхуэдэ макъ зэриIэр. Утыкум щихьа япэ махуэм щегъэжьауэ, театрым игъэув лэжьыгъэхэм я партие нэхъыщхьэхэр игъэзэщIащ Майе. Зэман кIэщIым къриубыдэу, абы хузэфIэкIащ артисткэ лъэщу зэрыщытыр къигъэлъэгъуэн, урыс, дунейпсо оперэ класси-кэхэм я роль нэхъ гугъу дыдэхэр телъыджэу игъэзэщIэри. Лэжьыгъэ 55-м хэтащ Бесчокъуэр. Апхуэдэхэщ Бизе Ж. и «Кармен», Верди Дж. и «Травиата» Чайковский П. и «Евгений Онегин», Штраус И. и «Летучая мышь», «Цыганский Барон» спектаклхэр. Псом хуэмыдэу Майе ирогушхуэ ЩоджэнцIыкIу Алий и «Мадинэ» поэмэмкIэ (либреттэр ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр ейщ) Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ зэдатха «Мадинэ» япэ адыгэ оперэм зэрыщыджэгуам. Абы къыкIэлъыкIуащ Молэ Владимир и «Дахэнагъуэ» оперэр, «Къамботрэ Лацэрэ» опереттэр, Къардэн Хьэсэн и «Мыщэ и къуэ Батыр» таурыхъыр. «Лъэпкъ цIыкIум апхуэдэ лэжьыгъэ телъыджэхэр зэриIэм сэ хуабжьу сыщогуфIыкI, ди адыгэ гъуазджэм и хэлъхьэныгъэшхуэуи къызолъытэ ахэр», - жеIэ Майе.

Уи лэжьыгъэр фIыуэ щыплъагъум и деж пхузэфIэмыкIын щыIэкъым. Зы махуэ гугъу ехьауэ къыхуэщIэжыркъым Майе, апхуэдизкIэ дихьэхауэ, зыщIишауэ театрым щылажьэрти. Арат и щхьэгъусэ Мэршэнкъул Iэдэм (дунейм ехыжащ, ди жагъуэ зэрыхъунщи) къыщицIыхуари. Абы ГИТИС-р къиухат, Майе уэрэд жыIэн закъуэм хурагъэджамэ, Iэдэм утыкум узэрыщыпсэлъэнуми актёр Iэзагъэми фIы дыдэу хищIыкIырти, и щхьэгъусэм и егъэджакIуэт икIи и чэнджэщэгъуфIт.

Макъамэ училищэм зыбжанэрэ ирагъэблэгъащ Майе, арщхьэкIэ махуэ къэс зэрыджэгум нэгъуэщI Iуэху къыхудэщIыкIыртэкъым. Иджыпсту щылажьэ Щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ колледжым илъэс 17 хъуауэ щрегъаджэ. Ипэхэм тIэкIу укIытэу, студентхэм я пащхьэ къихьэныр къехьэлъэкIыу щытамэ, иджы гурыфIыгъуэшхуэ къэрет IэнатIэм. «Уэ езым пщIэр ныбжьыщIэхэм яхэплъхьэн хуей къудейуэ аращ, - жеIэ ди псэлъэгъум. - Макъамэм и закъуэкъым дэ дызытепсэлъыхьыр, гъэсэныгъэми, хабзэми, цIыху зэхэтыкIэ-зэхущытыкIэми, нэгъуэщI куэдми я гугъу дощI. Я анэхэм къыжрамыIэн хуэдиз зэрызэтпсэлъылIэра къыщIэкIынщ апхуэдизу гъунэгъу дыщIызэхуэхъур, сащIыщымыгъупщэр, къауха иужьи къакIуэурэ сыкъыщIалъагъур».

Куэдрэ зэхыдох цIыху зэчиифIэхэр нэхъ мащIэ хъуащ, къамылъхужми ярейщ, жаIэу. Майе къызэрыщыхъум дыщыщIэупщIэкIэ ар идэркъым:

- ЦIыху къэс зы зэчий гуэр бгъэдэлъщ, зы фIы гуэрым къыхуалъху, абы и адэ-анэм гу лъатэу даIыгъын, зрагъэужьын хуейуэ аращ. Уэрэд жыIэным екьэлIари апхуэдэ дыдэщ. Нэхъ мащIэм а IэщIагъэр къыхах хъуамэ, ар къызыхэкIыр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, пщIэшхуэ зэрымыIэжырщ. Ди зэманым дыщыгуфIыкIырт, ахъшэшхуэ къыпэмыкIуэми, фIыуэ тлъагъу IэщIагъэм дызэрырилажьэм. Иджыпсту лъапIэныгъэхэр нэгъуэщIщ.

Кобзон Иосиф, Магомаев Муслъим, си щхьэгъусэм и гъусэу еджа, и ныбжьэгъуфIу щыта, тIэу-щэ ди деж щыхьэщIа Лещенкэ Лев... Абыхэми адрей артист цIэрыIуэхэми я уэрэд жыIэкIэр зыми ещхьтэкъым. Иджыпсту щыIэхэр, уи нэр зэтеппIэрэ уедаIуэмэ, пхузэхэгъэщхьэхукIынукъым, апхуэдизкIэ зэщхьщи, аращ щIысфIэмыфIри. Си студентхэм яжызоIэ зыгуэрым зебгъэщхьыну зэрыделагъэр, абы зыдрамыгъэхьэхым зэрынэхъыфIыр, - жеIэ Майе.

Иригъэджахэм ящыщ куэд Музыкэ театрым и хорым хэтщ, хьэгъуэлIыгъуэхэм уэрэд щыжызыIэхэри мащIэкъым. Дэтхэнэми я зэфIэкIым зэхуэдэу щогуфIыкI Майе. КъыгуроIуэ макъамэр Iэпэгъу зыхуэхъуа цIыхум, ар абы ирилажьэ-иримылажьэм емылъытауэ, щIэпхъаджащIи цIыху мыхьэнэнши къызэримыщIыкIынур, я псэр къабзэу дунейм зэрытетынур. «Дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуэбгъуэтын хуейщ, я макъ лIэужьыгъуэ елъытауэ, къахухэпх макъамэ лэжьыгъэхэри зэмылIэужьыгъуэщ. Къуажэм къикI ныбжьыщIэхэм нэхъыбэу яхэтщ нотэр зымыцIыхухэр, макъамэ Iэмэпсымэр япэу зылъагъухэр. Ахэр балигъ хъуауэ, щIэныгъэ яIэу, я щхьэр Iэтауэ еджапIэм къыщыщIэдгъэкIкIэ, ауэ сытми дыщыгуфIыкIрэ», - жеIэ Майе.

Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм ятеухуа концертхэр ядегъэхьэзыр студентхэм, псапэ зыпылъ Iуэхухэм хэтщ, жьы хъуахэр, ныкъуэдыкъуэхэр щапIыж унэм, зи нэм имылъагъухэм я зэгухьэныгъэм щIэхщIэхыурэ макIуэ, ТекIуэныгъэ Иным ирихьэлIэу зауэм теухуа, хэкупсэ мыхьэнэ зиIэ дзэ уэрэд цIэрыIуэхэр зэрагъащIэ. Ар икIи фIыщ уэрэджыIакIуэ хъуну ныбжьыщIэхэр утыкум, цIыхухэм есэнымкIэ, гушхуэнымкIэ. Нэхъапэм курыт еджапIэхэм Майе щахутепсэлъыхьу щытащ ди лъэпкъ композиторхэм я гъащIэмрэ я гуащIэмрэ. «УэрэджыIакIуэхэр яцIыхумэ, абыхэм ягъэзащIэ уэрэдхэр зи IэдакъэщIэкIхэр зэрамыщIэр си жагъуэ зэрыхъурат ар къыхэслъхьэн хуей щIэхъуар. Зы композиторым и гугъу зэрысщIу, абы и зы IэдакъэщIэкI си студентым жиIэрт. Апхуэдэ зэIущIэхэм яужькIэ, школыр къэзыухахэм ди деж къыщIэтIысхьэну хуей къахэкIырт. Си хъуэпсапIэщ апхуэдэ дерсхэр зэтезублэжыну», - жеIэ Майе.

Щэ и уасэу зы уэстын, жыхуиIэу зы хъыджэбз иIэщ Майе, пхъурылъхуу - хъыджэбзитIрэ зы щIалэ цIыкIурэ. Хъыджэбзхэм курыт еджапIэр дыщэ медалкIэ къаухащ, бзэ щIэныгъэщ тIуми къыхахари. КъБКъУ-м инджылызыбзэмкIэ и къудамэм щIэныгъэ щызригъэгъуэтауэ, нэхъыжьыр мэлажьэ, нэхъыщIэр абы и студентщ. ЩIалэ гъэфIэныр иджыри цIыкIущ. Ди гуапэщ абыхэм я насып куэд Майе хэплъэну.

Зэрыбынибгъу мэхъу Бесчокъуэ зэанэкъилъхухэр (нэхъыщIэ дыдэ Ленэ яIэжкъым). Ахэр псори гъащIэм щехъулIащ, лъэ быдэкIэ хэтщ. Я щхьэкIи я бынкIи гуныкъуэгъуэншэщи, зэхуэгуапэу махуэшхуэхэм зэхуос, зым и гуфIэгъуэр адреймйм диIыгъыу зэрогъэпэж. И дэлъхуихыр и дамэщи, насыпыфIэу зелъытэж Майе. Лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIи, гъащIэм ехьэлIа мурадкIи, унагъуэ гуфIэгъуэкIи гушхуэну, ехъулIэныгъэмрэ узыншагъэмрэ и бэу псэуну Тхьэм жиIэ!

ИСТЭПАН Залинэ.

ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, щэнхабзэ дахэ зыхэлъ

Нэхъыжьыфl Гуэщокъуэ Абдул-Бакъи теухуа тхыгъэр къытхуигъэхьащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Хъыжьрокъуэ Азэмэт.

«ЛЪЭХЪЭНЭ къэс иIэщ лъэпкъыр зэрыгушхуэ, абы и зыузэщIыныгъэм телэжьа цIыху цIэрыIуэхэр. Апхуэдэхэращ нэхъыбэу гъащIэм игъуэт зыужьыныгъэри зэлъытыжар. УзэплъэкIыжмэ, абы и лъэныкъуэкIэ, щапхъэ зытепх хъун нэхъыжьыфI куэд диIащ адыгэ лъэпкъым. Ноби къытхэтщ апхуэдэ цIыху щыпкъэхэр. Абы и щапхъэщ Гуэщокъуэ Абдул-Бакъи.

2011 гъэм ди гъунэгъум зы дадэ екIу къахуэкIуат. Ар Тыркум Iэпхъуа адыгэхэм я щIэблэ, хэхэс гъащIэр зи натIэ хъуа, иджы Хэкужьыр псэупIэ зыщIыжа Гуэщокъуэ Абдул-Бакъит. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, щэнхабзэ дахэ зыхэлъ дадэр зэрыслъагъуу си псэм занщIэу къыдыхьащ. Нэхъ гъунэгъуу дызэрыцIыхуа нэужь, Iуэхугъуэ куэдым щэнхабзэ IуэхухэмкIэ Iустаз сыхуиущииящ абы. Дин, схуэхъуну сыщелъэIуми, сыкъигъэщIэхъуакъым. А зэманым сэ нэмэз сщIырт си анэшхуэм сригъэсауэ, ауэ КъурIэным седжэфу щытыныр си хъуэпсапIэт. ИкIи ар къызэхъулIащ Абдул-Бакъи и фIыгъэкIэ. Дин щIэныгъэми, адыгэ лъэпкъ Iуэхухэми нэхъ кууэ сыхэгъуэзэнымкIэ ар дэIэпыкъуэгъушхуэ къысхуэхъуащ. Ноби абы и жьауэм сыщIэту, чэнджэщэгъу схуэхъуу сыкъоkIуэкI.

Тыркум щIэныгъэ щызригъэгъуэта нэужь, Гуэщокъуэр Хэкум къэкIуэжри, узэщIакIуэу мыдрисэм щыIащ, итIанэ Ислъам университетым щригъэджащ. И ныбжьыр илъэс 70-м нэсами, Абдул-Бакъи жыджэрщ, Шууей хасэм хэтщи, щIалэхэм я пашэу зекIуэ гъуэгуанэ жыжьэхэми тоувэ.

НэхъыжьыфIым сохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэу, лъэпкъым хуэщхьэпэн IуэхуфIхэр илэжьу иджыри илъэс куэдкIэ къытхэтыну!»

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

IуэхущIапIэхэм зыщIагъакъуэ

Дызэрыт илъэсым къыщыщIэдзауэ фермерхэмрэ мэкъумэш кооперативхэмрэ къэрал дэIэпыкъуныгъэу ирату хъуар «Мэкъумэш бизнес мащIэм зегъэужьын» къэрал пэхуэщIэщIэм щызэщIэкъуауэ щытынущ икIи архуэунэтIащ IуэхущIапIэхэм къыщIагъэкI продукцэхэм я куэдагъми лIэужьыгъуэми хэгъэхъуэнымрэ сату щIыпIэхэр абыхэм къахуэгъуэтынымрэ.

ПЭХУЭЩIЭЩIЭМ къыхыхьа Iуэхугъуэхэм ящыщщ IэнатIэщIэхэми нэхъ пасэу щIэзыдзахэми техникэхэмрэ обрудованэхэмрэ, ерыскъыхэкIым елэжьхэм абыхэм трагъэкIуэдам и зы Iыхьэ гуэр субсидиеу етыжыныр. Абы нэмыщI, электрокъару къэзылэжь газпоршень Iэмэпсымэхэр IэнатIэм къыхэзышэм абы и уасэм и процент 60-р субсидиеу иратыжынущ. Сыту жыпIэмэ, электрокъарур хуэдитIкIэ нэхъ мащIэу абы егъэс.

Къищынэмыщlауэ, туризм IэнатIэм пыщIа пэхуэщIэхэм щхьэкIэ ят хабзэ грантхэм къадэкIуэу, турист инфраструктурэр егъэфIэкIуэным хуэгъэпсахэр субсидие ящIынущ. Апхуэдэуи, къуажэхэм щIакхъуэгъэжьапIэ цIыкIухэр къыщызэIузыххэм грантхэри субсидиехэри зэхуэдэу иратынущ. Абыхэм Iэмал яIэнущ оборудованэхэм, IэнатIэр егъэжьэным, егъэфIэкIуэным, зегъэубгъуным трагъэкIуадэ мылъкум и зэхуэдитIыр хуапшыныжыну.

Мэкъумэш кооперативхэми ядэIэпыкъунущ, абыхэм къыщIагъэкI продукцэхэр сату щIыпIэхэм нэхъ тыншу щIалъхьэфыным, ахэр абыхэм щащэным ехьэлIауэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Кавказ пшэплъхэм» я къызэгъэпэщакIуэ

УФ-м егъэджэныгъэмкIэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, УФ-ми КъБР-ми щапхъэу къыщалъыта, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм щытекIуа «Кавказ пшэплъхэр» ансамблыр къызэзыгъэпэща Тхьэмокъуэ Мартин псэужамэ, гъатхэпэм и 9-м и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирикъунут.

АНСАМБЛЫМ и тхыдэ дахэр къыщожьэ Тхьэмокъуэ Мартин ар къыщызэригъэпэща 1988 гъэм. А гупыр республикэм и къэфакIуэ нэхъыфIхэм ящыщщ. Илъэс 30-м щIигъукIэ Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм Тхьэмокъуэм къэфакIуэ гуп зыбжанэ къыщIигъэкIащ. Абы и дэIэпыкъуэгъуу щытащ балетмейстерхэу УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ Шортэн Аллэ, ДзыхьмыщI Аслъэн, концертмейстерхэу Сэхъу Маринэ, Джэдгъэф ФатIимэ, Увыж Анзор, Тау Хъусен. Ансамблым цIыху 40 хэтт. Ахэр гупитI хъурт - нэхъыщIэрэ (илъэси 10 - 13 хъухэр), нэхъыжьрэ (13 - 16). Илъэси 6 - 8 хъухэр лъэпкъ къафэм щыхуагъасэ школи иIэт.

Ансамблым и программэр гъэщIэгъуэну икIи удэзыхьэхыу къызэригъэпэщырт Тхьэмокъуэм. НыбжьыщIэхэм ягъэзащIэрт гушыIэ, Кавказым ис лъэпкъхэм я даудапщэхэр къыщыгъэлъэгъуа къафэ лIэужьыгъуэхэр. Псори зэхэту Мартин къафэ 25-м щIигъу игъэуващ. Урысей, дунейпсо дамыгъэхэмрэ медалхэмкIэ ягъэлъэпIащ а къафэхэм я дахагъэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Къафэ» пасэрей адыгэ къафэжьыр, «Уэркъ къафэр», «Уджыр», «Зэныбжьэгъухэм я къафэ» щIалэгъуалэ сюитэр, нэгъуэщIхэри. Ансамблыр республикэм къищынэмыщIа, нэгъуэщI щIыпIэхэми къыщацIыху. Ар хэтащ Урысейм, Франджым, Тыркум, Абхъазым, Германием, Польшэм, Украинэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкI фестивалхэм. КъэфакIуэхэм я зэпеуэ зыхэтахэм ансамблым зыбжанэрэ япэ, етIуанэ увыпIэхэр къыщихьащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, 1993 гъэм Франджым щекIуэкIа дунейпсо зэпеуэм хэта гуп 47-м утыку кърахьахэм я нэхъыфIу къалъытащ Тхьэмокъуэ Мартин нарт эпосыр и лъабжьэу игъэува «Дахэнагъуэ и хъыбар» къафэр. 1994 гъэм «Кавказ пшэплъхэр» Франджым ирагъэблэгъащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэмрэ гъуазджэмрэ я махуэу 1995 гъэм Москва щекIуэкIам гупыр жыджэру хэтащ. 2000 гъэм ансамблыр и зэфIэкI щеплъыжащ Тыркум и Анкара къалэм къыщызэрагъэпэща дунейпсо фестивалым. Къафэмрэ уэрэдымрэ щызэщIэжьыуэу Тхьэмокъуэ Мартин игъэува «Кавказым и бынхэр», «Кавказ пшэплъхэр», «Долинск и розэхэр» сюитэхэм саугъэт къыхуагъэфэщащ. Ансамблыр 1997 гъэм хъуащ Урысей Артиадэм и лауреат.

Франджым и Ганнат къалэм 2003 гъэм щекIуэкIа фестивалым «Кавказ пшэплъхэр» хэтащ. IуэрыIуатэм и лэжьакIуэхэм я лъэIукIэ Тхьэмокъуэм абы щитащ Кавказым ис лъэпкъхэм я къафэхэм теухуа мастер-классхэр. «Зэныбжьэгъухэм я къафэ» щIалэгъуалэ сюитэр щIэщыгъуэу зэригъэувам папщIэ, дунейпсо сертификат Тхьэмокъуэм къратат.

Ансамблыр гъэлъэгъуэныгъэ, зэхыхьэ зэхуэмыдэхэм хэтащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, 2006 гъэм Франджым и Страсбург къалэм щекIуэкIар, 2007 гъэм «Интурмаркет» дунейпсо турист гъэлъэгъуэныгъэр, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэр, 2009 гъэм Тыркум щекIуэкIа «Кавказ Ищхъэрэм и къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ» дунейпсо фестивалыр, нэгъуэщIхэри.

«Кавказ пшэплъхэр» ансамблым и гъэсакIуэхэм я щIэныгъэм Тхьэмокъуэм зэпымыууэ хигъахъуэрт, ныбжьыщIэхэр зэрырагъаджэ Iэмалхэр иригъэфIакIуэрт. ЩIэблэр хуигъасэрт хабзэм, нэмысым, цIыху хэтыкIэм, IэщIагъэ зэгъэгъуэтын, Хэкур фIыуэ лъагъун

зэрыхуейм, нэгъуэщIхэми. Тхьэмокъуэ Мартин и гъэсэну щыта куэд хэтащ «Кабардинка», «Балкария» къэрал ансамблхэм, нэгъуэщI къэфакIуэ гупхэм.

2001 гъэм «Запад-Восток» зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщауэ Германием щата концертым къыхэкIа ахъшэмкIэ Налшык и сабий зеиншэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ зэрадэIэпыкъурэ, Мартин псапэ зыпылъ Iуэхухэм жыджэру хэтащ. Илъэс 40-м щIигъу къафэм тезыухуа Тхьэмокъуэм лъэпкъ щэнхабзэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIым папщIэ мызэмытIэу къыхуагъэфэщащ щIыхь тхылъхэмрэ медалхэмрэ. Абы и гъэсэнхэм яхэтщ курыт школыр дыщэ медалкIэ къэзыухахэр, артистхэр, унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм я IэщIагъэлIхэр, республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIхэр.

ЦIыхубэ къафэхэмкIэ КъБР-мрэ (1989 гъэ) УФ-мрэ (2000 гъэ) щапхъэу къыщалъыта, цIыхубэ къафэхэмкIэ 2016 гъэм екIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм пашэ щыхъуа «Кавказ пшэплъхэр» гупым и къэфакIуэхэм я ехъулIэныгъэхэм адэкIи хагъэхъуэну ди гуапэщ.

Ансамблым и программэр ноби гъэщIэгъуэнщ, удэзыхьэхщ. Гупым и художественнэ унафэщI ДзыхьмыщI Аслъэнрэ балетмейстер Шортэн Аллэрэ гъунэгъу республикэхэм я щэнхабзэм ныбжьыщIэхэр хагъэгъуазэ. Къафэм щIэблэм зэрызригъэузэщIымрэ дахагъэу хэлъымрэ къэIуэтэгъуейщ. НэгъуэщI республикэхэм, хамэ къэралхэм пщIэ къыщыхуащI, гуапэу ирагъэблагъэ.

2024 гъэм Музыкэ театрым пшыхь гукъинэж щрагъэкIащ икIи щагъэлъэпIащ ансамблыр къызэрызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 35-рэ зэрырикъур. Абдежым псалъэ гуапэ куэд хужаIащ Тхьэмокъуэ Мартин, цIыху гуапэу, щIэблэм дежкIэ щапхъэу дунейм зэрыхуагъэшащэр.

Тхьэмокъуэми абы хуэдэ нэгъуэщI гъэсакIуэхэми фIыщIэ яхуэфащэщ щэнхабзэр зэрагъэкIуатэм, цIыхубэ къафэхэмкIэ ныбжьыщIэхэр абы зэрыхуагъасэм папщIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Къуентхъыншэ зэрыщымыхъум и нэщэнэу

● ЩIыпIэцIэхэр

Ныбэджей (КъухьэпIэ Кавказымкlэ щыпсэу ди къуэшхэм я бзэкlэ «бгъэжь хьэщхьэрыIуэ, лъыиф» жыхуиIэщ), Бэкъан (цIыхухъуцIэщ) псы цIыкIуитIыр щызэхэлъэдэж щIыпIэм къыщыщIэдзауэ адэкIэ къыщыунэху тIуащIэм «АтIэкIум» («Адагум») фIэщыгъэр теIукIащ.

ЗИ ЦIЭ къыхэдгъэща псы цIыкIуитIыр къыщежьэр хы ФIыцIэм пэгъунэгъу Маркъуэтх шытхыр зыуфэбгъуа мэзылъэ бгыщхьэхэм я ищхъэрэ лъэныкъуэрщ. Метр 700 нэхъ зи мылъагагъ мы тхыцIэр хы ФIыцIэ Iуфэм зэрыдекIуэкIыр ипщэкъуэкIыпIэмкIэ зыщиукъуэдияуэщ. Абы адрей и лъэныкъуэмкIэ къыщысщ къалэхэу Новороссийскрэ (ЦIэмэз) Геленджикрэ (ХъупIэжьий, ХьэфIыцIей).

Иужьрейуэ Псыжь хэлъэдэж псы нэхъ ин дыдэу къалъытэ АтIэкIум, псори зэхэту, километр 66-рэ и кIыхьагъщ. А цIэ дыдэр зэрехьэ пситI зэхэлъэдэжам пэмыжыжьэу щыс жылэми.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Мерэтыкъуэ Къасым (щыпсэуар Адыгэ Республикэрщ) зэхуихьэсыжа щIыпIэцIэхэм щатепсэлъыхьыжа «Адыгейский топонимический словарь» и тхылъ телъыджэм къызэрыщихьамкIэ, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа пситIыр зэхэлъэдэжа иужь адэкIэ здежэх ныджэм зэреджэр къызытехъукIар Iущхьэ къэкIыгъэм папщIэ шапсыгъ адыгэхэм къагъэсэбэпу яIа «атIэкIум» псалъэрщ.

Краснодар дэс лъахэдж Ковешников Владимир «Очерки по топонимике Кубани» и тхылъышхуэм щыхьэт зэрыщытехъуэмкIэ, щIыпIэцIэр «дэгу» мыхьэнэ зиIэу абхъазыбзэм дызыщрихьэлIэ «адэгууа» псалъэм хуэзыгъакIуэхэри щыIэщ.

Ныбэджей псы бгъунжым ищхьэхэмкIэ щаухуа псы хъумапIэм километри 9 и кIыхьагъщ, километр и бгъуагъщ. Абы щызэхуахьэсращ Маркъуэтх шытхым адэкIэ щыIэ Новороссийск къалэм дэсхэр псыкIэ къызэзыгъэпэщыр.

Бэкъанрэ Ныбэджейрэ Натхъуэдж хэгъэгут

Кавказ зауэм и иужьрей илъэсхэм хабжэ 1857 гъэм и накъыгъэ мазэм АтIэкIум и Iэхэлъахэм зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIат. ИкIи, блэкIам къызэрыхэщыжымкIэ, абдежым къыщыхъуа зэпэщIэувэныгъэм, ехъулIэныгъэ къыщигъэлъагъуэу, япэ дыдэу хэтащ а лъэхъэнэм ди лъэпкъэгъухэм къадэзэуа поляк дзэлIхэм я пашэ полковник Лапинский Теофил, европей мардэхэм тету къызэригъэпэща и топыдзэри щIыгъуу.

АтIэкIум и псыхъуэр Натхъуэдж (адыгэ лъэпкъхэм ящыщ зым зэреджэщ) хэгъэгум и зы щIыналъэу щытащ. Ар дыдэмкIэ щыхьэтщ XIX лIэщIыгъуэм ипэхэм кIахэ адыгэхэм я деж щыхьэщIа археолог икIи геолог Дюбуа де Монпере Фредерик (Швейцарием щыщ франджыт) къызэринэкIауэ щыта и тхыгъэхэри.

Испы унэхэм я хъумакIуэ

Езы АтIэкIум къыхэлъэдэж и къуэпс нэхъ ин дыдэ Абын зыдэт мэзылъэ-къырылъэ ныджэм, псори зэхэту, километр 81-рэ и кIыхьагъщ. А цIэр зэрехьэ 1835 гъэм быдапIэ папщIэу яухуэу, иужькIэ къалэ цIыкIу хъужа жылэми. Языныкъуэ лъахэхутэхэм къызэралъытэмкIэ, «абын» псалъэр «мэз» мыхьэнэ зиIэу абхъазыбзэм хэт «абнэ» жыIэкIэм къытепщIыкIащ.

ЩIыпIэцIэхэр зэхуэхьэсыжыным зэман куэд езыгъэхьа Твёрдый Александр «Топонимика Кавказа» и тхылъ телъыджэм зэрыщитхымкIэ, «Абын» фIэщыгъэр а бзэ дыдэм узыщрихьэлIэ «абаа» къэпсэлъыкIэу «быдапIэ» мыхьэнэ зиIэми и гъунэгъущ, зи гугъу тщIы щIыпIэм и Iэхэлъахэм щыпсэуа «абун» мэуэт лъэпкъым зэреджэу щытыгъами, илъэс 2150-рэ ипэкIэ псэуа алыдж астроном, математик, географ Птолемей Клавдий КъухьэпIэ Кавказым хузэхигъэувауэ щыта картэм щыхигъэунэхукIа Абунис быдапIэжьым и цIэми хуокIуэ.

Абын псыр Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм и гуэдзэн тхыцIэ нэхъ цIыкIухэм ящыщ зым, «КъуацэгъуркIэ» зэджэм, ищхъэрэкIэ гъэза и джабэщIхэм я деж къыщожьэри, ищхьэхэмкIи, хуэдэ щымыIэу, зэнзэныпсрэ къуэпсыбэу зыкъыщызэщIекъуэ.

Шапсыгъхэмрэ натхъуэджхэмрэ, зэрыщыту къатщтэмэ адыгэхэм, я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ дихьэххэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъум къыдэкIуэу, Абын и къуэладжэм зыщызыгъазэ щIыпIаплъэхэм я бжыгъэри хэхъуэ зэпытщ. Ахэр къызэрымыкIуэу зыщIэзышэ нэгузегъэуэжыпIэхэм ящыщщ мы тIуащIэ Iэзэв-лъэзэвыр ижь-ижьыж лъандэрэ зи хэщIапIэу, адэкIэмыдэкIэ щызэхэт испы унэжьхэри (дольменхэр, мегалитхэр).

А ухуэныгъэ гъуэзэджэхэу зи ныбжьыр илъэс мини 3-м щхьэдэхахэр, ди гуапэ зэрыхъунщи, щIыпIаплъэрыгъуазэхэм я нэхъыбэм зрапхыр адыгэхэм я тхыдэрщ. И щыпкъапIэкIи, мывэ джафэшхуэхэр апхуэдизу къекIуу икIи дахэу зэтегъэзэгъащи, зылъагъу дэтхэнэми я зэхэлъыкIэр имыгъэщIэгъуэн лъэкIыркъым. Мегалитхэм нэхъыбэ дыдэу узыщыхуэзэр Абын къыхэлъадэ Жьанэпс псы бгъунж цIыкIум и IуфэрацI.

Мыри къыхэгъэщыпхъэщ. Абын и псыхъуэмрэ и бгъунжырыкIуэ къуэладжэхэмрэ щIыпIаплъэхэм къызэрызэхахыжыр зи лъащIэр лъагэу щхьэщыIэтыкIа машинэхэмкIэщ (джип лIэужьыгъуэхэмкIэ). Мыбдежым бдзэжьеящэхэми я бжыгъэм щыхэхъуэ зэпытщ, мы щIыпIэм ахэр «къуентхъыншэ» зэрыщымыхъум и нэщэнэу.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Уэрэдхэр, къафэхэр, хъуэхъу мыухыжхэр

КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым гъатхэпэм и 7-м концерт гукъинэж щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм. Пшыхьыр къызэригъэпэщащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм.

КОНЦЕРТЫМ зэхуишэсащ республикэм и унафэщIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, щIыналъэм щыпсэу бзылъхугъэхэр. ХьэщIэ лъапIэхэм ящыщт къэралыр мамырын папщIэ къулыкъу зыщIэ лIыхъужьхэм я анэхэр, щхьэгъусэхэр, пхъухэр.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд махуэшхуэр къыщызэIуихым къеджащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек бзылъхугъэхэм фIыщIэ яхуищIу зэрехъуэхъум.

«КъБР-м ис Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэ» щIыналъэ жылагъуэ IуэхущIапIэм и унафэщI Къаскъул Iэулият къызэхуэсахэм щехъуэхъум жиIащ дэтхэнэ цIыхум дежкIи анэр зэрылъапIэр, цIыхубзым ди зэманым зэфIэкIышхуэ зэриIэр. Нэхъ пыухыкIауэ къыхигъэщащ дзэ Iуэху хэхам зи бын, зи щхьэгъусэ щыIэхэр.

«Быдэу си фIэщ мэхъу УФ-м и Iэтащхьэм игъэува къалэнхэр нэсу абыхэм зэрагъэзэщIэнур. Ди къуэхэр, дэлъхухэр, щхьэгъусэхэр псэууэ икIи узыншэу я унагъуэхэм икIэщIыпIэкIэ къахыхьэжынырщ дызыщIэхъуэпсыр, - жиIащ Iэулият.

Пшыхьыр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ нэхъыфIхэм. ФIыуэ ялъэгъуа уэрэдхэм къадэкIуэу, концертым щыIуащ бзылъхугъэхэм яхуэгъэза псалъэ гуапэхэмрэ хъуэхъу мыухыжхэмрэ. Абы къигъэлъагъуэрт цIыхубзхэм щIыналъэм, къэралым я гъащIэм къалэнышхуэ зэрыщагъэзащIэр, зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуащIыр. Пшыхьыр хъуащ республикэм ис бзылъхугъэхэм я саугъэтыфI.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Щэнхабзэ

ЦIыхубзымрэ гъатхэмрэ

ЦIыхубзхэм я махуэм папщIэ зэхыхьэ щхьэпэ иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщат Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ тхылъ хъумапIэу Налшык къалэ дэтым.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ Къэрэшей-Шэрджэсым къикIа усакIуэ цIэрыIуэ Шыбзыхъуэ Ларисэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Булатов Юруслан, Сарбашев Азнор, Османов Хьиса, «ДыгъафIэ къалэ» гъэсапIэм кIуэ ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэ Жэмбэч-Iэбыдэ Маритэрэ, журналистхэр, нэгъуэщIхэри.

Утыкур япэу хуит хуащIащ сабийхэм. Ахэр гъэхуауэ икIи удихьэхыу къеджащ гъатхэ щIэращIэм, анэ гумащIэхэм ятеухуауэ ди тхакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэм.

Япэу псалъэ иратащ Османов Хьиса. Ар балъкъэрыбзэкIи урысыбзэкIи матхэ. Пэшым щIэсхэр абы кIэщIу щыгъуазэ ищIащ иджыблагъэ къыдигъэкIа «Застывшие мелодии Балкарии» зыфIища и тхылъыщIэм ит Iуэтэжхэр зытеухуам. Ар библиотекэм тыгъэ хуищIащ. Османовым и псалъэхэр зыщIэлъ «Не приходишь» уэрэдыщIэр Занкишиев Марат игъэзащIэу драгъэдэIуащ. АдэкIэ Хьиса урысыбзэкIи балъкъэрыбзэкIи къеджащ цIыхубзхэм папщIэ итха и усэщIэм, «Дарите женщинам цветы» зыфIищам. А усэр адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ Бэвокъуэ Оксанэ.

АдэкIэ псалъэм къыпищащ Булатов Юруслан. Ар иджыблагъэ Индием щекIуэкIа фестивалышхуэм хэтащ, Урысей Федерацэм икIа лIыкIуэхэм ящыщ зыуэ.

Юруслан зэрыжиIэжамкIэ, къэрал щитIым икIа тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэр щызэхуэсат фестивалым, щхьэж я дахэ, я ехъулIэныгъэ ягъэлъэгъуэну. Мы гъэм илъэс 45-рэ ирикъуащ а Iуэхур зэраублэрэ. Индием и нэгу щыщIэкIахэр къызэриIуэтэжа, цIыхубзхэм я махуэм, анэм, гъатхэм триухуа усэхэм къеджащ Булатовыр.

АдэкIэ псалъэ иратащ Шыбзыхъуэ Ларисэ. Ари и усэхэм щыщ зыбжанэм къеджащ. ЕдэIуахэм псом хуэмыдэу зыхащIауэ къыщIэкIынущ дунейм ехыжа и анэм фэеплъ хуищIа усэр. Пэшым щIэсхэм я нэпсыр къригъэкIуауэ едэIуащ абы.

Сарбашев Азнори и тхыгъэхэм щыгъуазэ дищIащ, цIыхубзхэм я махуэшхуэм, гъатхэ щIэращIэм папщIэ итха и усэщIэми, нэгъуэщIхэми къытхуеджащ. Азнор балъкъэрыбзэкIи урысыбзэкIи матхэ, сурэти дахэу ещI, уэрэди жеIэ, макъами зэхелъхьэ.

ЗэIущIэр яухащ Сарбашевым и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдкIэ, езыр гитарэм еуэу ар игъэзэщIащ.

Тхыгъэри сурэтри **КЪАНКЪУЛ Раисэ** *ейщ.*

ПщIэ хуащI, ящыгъупщэркъым

КъБР-м щыIэ МВД-м и следствэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу щыIащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я унагъуэхэм.

Я ЛЭЖЬЭГЪУУ щытахэм я унагъуэхэм апхуэдэурэ зэрахуэкIуэр гулъытэ къудейуэ къэнэжыркъым, атIэ абыхэм пщIэ зэрыхуащIыр, зэращымыгъупщэр къззыгъэлъагъуэщ. Я къалэныр ягъэзащIэу зи псэр зыта я лэжьакIуэхэр я гум илъынущ, лIыгъэмрэ тхьэрыIуэм хуэпэжынымрэ я щапхъэуи щытынущ.

IэнатIэм и лэжьакIуэхэм лIыхъужьхэм я анэхэмрэ щхьэгъусэхэмрэ фIыщIэшхуэ хуащIащ. Абыхэм гуапэу удз гъэгъахэмрэ фэеплъ тыгъэхэмрэ IэщIалъхьащ.

ЦIыхубзхэми Управленэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ къыхуащIащ сыт щыгъуи я нэIэ къазэрытетым папщIэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Къуажэр Темрыкъуэ къыхех

ЕгъэджакIуэ IэщIагъэм жэуаплыныгъэ зэрыпылъыр дэтхэнэ балигъми къыдгурыIуэ. И лэжьыгъэм зэрыхищIыкIым къыдэкIуэу, хьэл зэпIэзэрыт иIэрэ еджакIуэхэр къыдихьэхыфмэ, апхуэдэм егъэджакIуэ нэс хужаIэр. Ауэ мы IэщIагъэм ирилэжьэн щIэзыдзэхэр лъэпощхьэпо гуэрхэм щыIууи къохъу, псалъэм папщIэ, еджакIуэхэм я жыIэмыдэIуагъэм (я егъэджакIуэм и ныбжьыр къалъытэу, дзыхь хуамыщIу). Апхуэдэм деж егъэджакIуэм иIэну ехъулIэныгъэр елъытащ абыхэм я гулъытэр къызэрихьэхуфым.

ПЩЫУКI Темрыкъуэ Курп Ищхъэрэ къуажэм дэт школым физикэмкIэ щригъэджэн зэрыщIидзэрэ куэд мыщIами, фIыуэ щыгъуазэщ а зи гугъу тщIыми щIэблэр Iущу къэгъэтэджыным епхауэ егъэджакIуэм къалэнышхуэ и пщэ зэрыдэлъми. ЕгъэджакIуэхэм сабийхэр ирагъаджэ, ягъасэ, трагъэгушхуэ, езыхэр гъуазэ яхуохъу. Ди тхыгъэр зытедухуа щIалэщIэм дауэ къыхиха-тIэ апхуэдэ лэжьыгъэ мытыншыр?!

Темрыкъуэ къыщалъхуар Акъбащ Ипщэ къуажэрщ. Абы жеIэ: «ПэщIэдзэ классхэм щегъэжьауэ тхылъ еджэн сфIэфIу щытащ, сыкъыдэкIуэтеиху математикэмрэ физикэмрэ нэхъ сыдахьэхащ. Сыт хуэдэ щIалэ цIыкIуми хуэдэу, сфIэгъэщIэгъуэнт физикэр зэрызэхэлъыр, абы и щэхухэр къэсщIэну. Школыр къыщызухым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым физикэмрэ математикэмкIэ и факультетым щIэныгъэ щызэзгъэгъуэтыну мурад сщIащ». НэгъуэщI зы Iуэху гъэщIэгъуэни хэлъу къыдолъытэ щIалэм и IэщIагъэр къызэрыхихам - и анэр илъэс 26-рэ хъуауэ егъэджакIуэу зэрылажьэр. Шэч кытетхьэркъым Темрыкъуэ ар щапхъэ зэрыхуэхъуам.

Ауэ щыхъукIи, ди зэманым щIэныгъэ зэзыгъэгъуэт щIалэгъуалэм къалэхэм къыщынэну нэхъ къызэраштэр зыми и дежкIэ щэхукъым. Темрыкъуэ къуажэм щылэжьэну зэрытегушхуа щIыкIэм дыщыщIэупщIэм къыджиIащ: «Сэ езыр сыкъыщыхъуар къуажэщи, къуажэдэс сабийхэр нэхъ спэгъунэгъущ, я хьэл-щэнхэм, дуней тетыкIэмрэ гупсысэкIэмрэ нэхъ сыщыгъуазэщ. Арауэ къыщIэкIынщ къуажэм сыщылэжьэну сыщIытегушхуари. Къапщтэмэ, сызэрыцIыкIури къуажэ гъащIэр сфIэфIт, хадэ хэтщIэу, былым зетхуэу дыкъэхъуащ. ИтIанэ, зыми и жагъуэ сщIыну сыхуейкъым, ауэ адыгэм ди хабзэ-нэмысыр къуажэхэм нэхъ къыщызэтенауэ къызолъытэ».

ПщыукIыр еджапIэ нэхъыщхьэм щIэсыху, и щIэныгъэм егугъуащ, егъэджакIуэфIхэр зэриIар къыхегъэщ, лабораторэхэм, конференцхэм зэрыщIэсахэр иджы къыхуощхьэпэж. 2025 гъэм ехъулIэныгъэ иIэу «медицинэ физикэ» IэщIагъэмкIэ магистратурэр къиухащ. Иджы езыр иужь итщ школакIуэхэр физикэм зэрыдригъэхьэхыным.

- ЕджакIуэхэм физикэр яфIэгъэщIэгъуэн мэхъу, ар гъащIэм къызэрыщысэбэпыр къагурыIуа нэужь. Шей бгъэвэнми телефон бгъэлэжьэнми физикэр къосэбэп, абы хэпщIыкIыну щхьэпэщ, - пещэ Темрыкъуэ. - Сэ къызэрыслъытэмкIэ, егъэджакIуэ къудейуэ ущыткIэ Iуэхур зэфIэкIыркъым, сабийхэм ныбжьэгъу уахуэхъун хуейщ, я дзыхь къуагъэзын папщIэ. ЕджакIуэхэр си щхьэ изолъытри, дерсхэм зыщыхуэзгъэхьэзыркIэ, сэ езыр школым сыщыщIэсам нэхъ сфIэгъэщIэгъуэну къэсщIэну сызыхуеяхэр сигу къызогъэкIыж. Дерсым щымыщуи школакIуэхэр зыщIэупщIэ Iуэхугъуэхэм дытопсэлъыхь. Апхуэдэ щIыкIэкIэ егъэджакIуэмрэ еджакIуэмрэ нэхъ узэгурыIуэну къысщохъу. Иджырей щIалэгъуалэр нэхъ къуейщIей, щхьэзыфIэфI хъуауэ жызыIэ щыIэщ. Пэжщ, ауэ еджакIуэ псори зэхуэдэкъым: фIыи мащIэу щхьэприхи яхэтщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, дэтхэнэ еджакIуэми дэ бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуэдгъуэтын хуейуэ аращ, Iэмал зэриIэкIэ еджэнми спорт, щэнхабзэ Iуэхухэми ахэр дедгъэхьэхыпхъэщ.

Темрыкъуэ мы гъэм хэтащ «ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэ нэхъыфI» зэхьэзэхуэм и муниципальнэ Iыхьэм икIи и зэфIэкIыр къыщалъытащ «ЕгъэджакIуэм и гугъапIэ» унэтIыныгъэм. Мыпхуэдэ зэпеуэхэм я мыхьэнэ нэхъыщхьэращи, абыхэм хэтыху цIыхум и Iэзагъым хегъахъуэ. ПщыукIри и лэжьэгъухэм я зэфIэкI хэплъауэ, къигъэщхьэпэн иIэу и дерсхэм пэрыхьэжащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

«Синдика» хьэщIэщым

Урысей МЧС-м и IэщIагъэлIхэм Налшык и «Синдика» хьэщIэщым щрагъэкIуэкIащ мафIэс-тактикэ зыгъэсэныгъэхэр. Ар и нэIэ щIэтащ мафIэс-къегъэлакIуэ часть №1-м и унафэщI Ширин Станислав.

IУЭХУР тещIыхьат цIыху зэхуэсыпIэхэм къыщыхъуа хуэдэ мафIэсыр гъэункIыфIынымкIэ гупым и зэфIэкIыр егъэфIэкIуэным.

ХьэщIэщым и япэ къатым мафIэс къыщыхъуа хуэдэт икIи абы цIыхуищ къыщIэнат къыщIэкIыпIэ ямыгъуэту.

Ахэр къэгъуэтыныр я пщэ кралъхьащ газымрэ Iугъуэмрэ зыщыхъумэныр зи IэщIагъэ гупи 5. МафIэсхэм деж я нэкIуэхэм Iуалъхьэу зэрыбауэ Iэмэпсымэхэр дэтхэнэми къигъэсэбэпу, ахэр щIыхьащ унэм, цIыхухъуищыр къагъуэтри, пэшым къыщIашащ. АдэкIэ къэхъуа хуэдэ мафIэсыр ягъэункIыфIащ. Сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи я зэфIэкIыр егъэфIэкIуэным ехьэлIауэ къыхуагъэувахэм гупыр пэлъэщащ.

- Зыгъэсэныгъэхэр егъэкIуэкIыным мафIэс-къегъэлакIуэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ. Абыхэм Iэмал къарет цIыхухэр мафIэсым къегъэлыным, ар къыщыхъуа щIыпIэм къыщIэгъэIэпхъукIыным, лыгъэр гъэункIыфIыным ехьэлIауэ Iуэху псоми хуэшэрыуэнымкIэ. Мыпхуэдэ Iуэхухэр щыдогъэкIуэкI хэщIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, абыхэм цIыху куэд щызэхуэс щIыпIэхэри яхыхьэу. Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр ди къалэн нэхъыщхьэщ, - жиIащ Ширин Станислав.

Урысей МЧС-м къыбгъэдэкIыу Iуэхум хэтащ техникэу 5-рэ цIыху 32-рэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Спорт хъыбархэр

Лъэщхэм я зэпеуэ

«Спортсмен лъэщхэм я кубок» фIэщыгъэр зэрихьэу Белоруссием и къалащхьэ Минск и «Стайки» спорт комплексым щекIуэкIащ тхэквондомкIэ (ВТФ - Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) дунейпсо зэхьэзэхуэ. Хэгъэрейхэм нэмыщI, абы щызэпеуащ Урысей Федерацэм, Арменией, Таджикистаным, Узбекистаным я спортсменхэр - щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 700-м щIигъу.

УФ-м и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэнхэр икIи ехъулIэныгъэфIхэр абы щызыIэрагъэхьащ. НыбжьыщIэхэм я зэпеуэм я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм дыщэ медалхэр къыщахьащ Къэзанш Къасболэтрэ Iусен Къамболэтрэ, етIуанэ хъуащ Тхьэмокъуэ Элинэ.

Спортсменхэм ядэлэжьар УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амиррэ Унэжокъуэ Абдельджэбаррэщ.

ЩIалэгъуалэм я зэпеуэм щытекIуахэр дунейпсо, балигъхэр - европей чемпионатхэм хэтынущ.

ПлIым щыщу тIур дыщэу

Ханты-Мансийск къалэм и спорт комплексым гъатхэпэм и 1 - 7-хэм щекIуэкIащ Урысей Федерацэм дзюдомкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 73-м (Донецк, Луганск, Херсон щIыналъэхэр яхэту) я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэгъусэу, 800-м щIигъу, я ныбжькIэ илъэс 18-м щхьэдэмыхауэ.

ДИ гуапэу къыхэдгъэщынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм зэхьэзэхуэм екIуу зыкъыщагъэлъэгъуащ икIи медалиплI абы къыщахьащ, тIур дыщэу.

Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр щаубыдащ Унэж Темырланрэ (кг 55-рэ) Хъуран Къантемыррэ (кг 66-рэ). Ди щIалэхэм финалхэм къащыпэщIэтащ Еремян Тигранрэ (Мэзкуу область) Абдул-Межидов Магомед-Алийрэ (Шэшэн Республикэ), зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къэгъэлъэгъуауэ.

Домбеякъ медалхэр къахьащ Джэданэ Амырхъанрэ Къуэныкъуей Идаррэ. ЩIалитIыр щыбанэр килограмм 50 зи хьэлъагъхэм я дежщ.

БэнакIуэхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Джэданэ Залым, Дзухэ Беслъэнрэ Залымрэ сымэ.

КЪУЭЖЕЙ Iэмин.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-88, 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.267
Заказыр №453
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 3-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.